



IJAMBO RY'UMUKURU W'UMURWI USHINZWE GUTOHOZA UKURI NO KUNYWANISHA ABARUNDI (CVR) IMBERE Y'INAMA NSHINGAMATEKA N'INAMA NKENGUZAMATEKA KU MUSI WO GUSHIKIRIZA ICEGERANYO C'IBIKORWA VYARANGUWE MU 2021

BUJUMBURA, KIGOBE, IGENEKEREZO RYA 20 KIGARAMA 2021

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka,

Banyakubahwa Bashingamateka,

Banyakubahwa Bakenguzamateka,

Banyakubahwa Bakomiseri mugize Umurwi CVR wo kurondera ukuri no kunywanisha Abarundi,

Bashingantahe, Bapfasoni mushinzwe amabanga atandukanye mu Nama Nshingamateka na Nkenguzamateka,

Tugire amahoro.

Tugire ubumwe, ubutungane, iterambere n'ukubahiriza agateka ka zina muntu kuri bose!

Kuri uno musu uri hejuru, kw'izina ryabo dusangiye ubutumwa mu Mugwi CVR ushinzwe gutohoza ukuri no kunywanisha Abarundi, turongeye kwicisha bugufi mugushimira Imana yacu, Imana ikunda Uburundi. Iyo Mana ni yo Yaduhaye kurara no kuramuka; ni yo Yatumurikiye mu butumwa turimwo; ni yo Yaduhaye inguvu zokujabuka inzuzi n'imigezi; inguvu zo kuduga no kumanuka imisozi; inguvu zo kumviriza Abarundi n'Abarundikazi bafise ibikomere bagendana ku mutima.

Iyo Mana niyo Yadukoreye ibitangaro mu kutwerekera icye ku Barundi banyotewe ukuri ahari ibinogo vyatawemwo inzirakarengane zagandaguwe mu 1972-1973. Iyo Mana Mushoboravyose ni yo Yatweretse uno mwaka ivyinyejeje mu nyandiko/Archives zanditswe zigashirwako umukono n'abaserukira inzego z'igihugu ku ntwaro ya Prezida Michel Micombero mu 1972-1973.

Iyo Mana idukorera ibitangaro yipfuzako Uburundi bubohoka. Munkundire twese tuyikomere amashi.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Kw'izina ry'abo dusangiye ibanga mu Murwi CVR mbanje gushimira inzego zose z'igihugu zashigikiye ibikorwa twaranguye mu ntara. Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka na Reta y'Uburundi

baradusanze ku kivi, baribonera uburemere bw'ubutumwa twashinzwe n'Abarundi. Turashimiye Abarundi bose bahaye amakuru Umurwi CVR. Turakenguruka cane igikorwa c'abamenyeshamakuru cafashije kurwanya ibihuha; kigaha umuco Abarundi banyotewe ukuri.

Abasengeye abagize Umurwi CVR bose turabakengurukiye bivuye ku mutima. Turashimiye cane abahing bize akahise, amategeko n'ibihungabanya abantu bari mu maganya, akabonge n'agahinda batubaye hafi mu kuduha umuco mu butumwa igihugu cashinze Umurwi CVR. Turakengurukiye abo dusangiye ubutumwa muri CVR bitanze batiziganya kugira dushitse isemo y'uno musi.

Uyu mwaka wa 2021 wabaye umwaka w'umwimbu udasanzwe mu butumwa igihugu cashinze Umurwi CVR. Abarundi babwira Umurwi ivyo bacyemwo canke babonye mu 1972 babaye benshi kandi bariyuguruye gusumba imyaka iheze. Abapfakazi batari bake baratubwiye amagorwa babonye; impfuvyi zikiriho zaramurikiye ukuri.

Abari bajejwe amabanga atandukanye mu gihugu bakiriho bamwe muri bo barashikirije Umurwi CVR ivyo babonye. Hari abagarukiye ku cobo n'abacitse kw'icumu batanze amakuru adasanzwe.

Mu ncamake, mu gihugu c'Uburundi, ntawishe adafise uwamubonye; kiretse uwishe mw'ijoro abantu basinziriye.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Umwimbu tuje gushikiriza Abarundi uno musi tuwushikiriza uri mu bitabo bikuru 6:

- a) Igitabo nyamukuru - umutima w'ibikorwa - cegeranya ivyaranguwe mu mwaka wa 2021 kigizwe n'impapuro 873.
- b) Ico gitabo gikuru giherekezwa n'ibitabo 6 vy'amafoto canke amasanamu y'ivyakorewe mu Ntara aho twerekana ibinogo vyatowemwo ibisigarira vy'abagandaguwe bagatabwamwo; amasanamu y'abaje gushinga intahe y'ivyo bacyemwo canke ivyo babonye. Ivyo bitabo 6 vy'amafoto bigizwe n'impapuro 1583.
- c) Ico gitabo gikuru kigendana kandi n'igitabo c'inyandiko/Archives zerekana ingingo z'inze za Reta zafashwe mu 1972-1973. Ico gitabo c'inyandiko za Reta kigizwe n'impapuro 339.
- d) Umurwi CVR washikirije kandi Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka ibitabo 3 binini vy'impapuro 2054. Ivyo bitabo 3 birimwo ivyo abapfakazi, impfuvyi n'ibindi vyabona bitandukanye vyashikirije Umurwi CVR.
- e) Hari ikindi gitabo kirimwo umwihwezo ufatiye ku bimenyetso vyerekana integuro y'ubwicanyi bwo mu 1972-1973; umwihwezo ufatiye ku mategeko y'igihugu na mpuzamakungu akoreshwa mu gihe habaye ubwicanyi bw'agahomerabunwa mu gihugu; hamwe n'umwihwezo w'abagiye kw'isonga mu gukora ubwicanyi bw'agahomerabunwa mu Burundi mu 1972-1973.
Iki gitabo c'impapuro 86 kidufasha kwita izina ubwicanyi bwakorewe Abarundi mu 1972-1973.
- f) Igitabo ca nyuma cahawe Abashingamateka n'Abakenguzamateka bose ni impfunyapfunyo y'ivyo umugwi wakoze. Kibafasha gukurikira neza ibikorwa vy'uno musi mu Ngoro y'Amakoranira mu Kigobe.

Ibi bitabo vyose hamwe bigizwe n'impapuro 5.116.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Mwaratowe n'Abarundi kandi mwarakurikiye ibikorwa igihugu cashinze Umurwi CVR.

Mu gice ca mbere

Umurwi CVR urashikiriza Abarundi ivyo watohoje mu Ntara ya Bururi, Muyinga, Kirundo, mu Gisagara ca Bujumbura, mu Ntara ya Mwaro na Muramvya. Muri izo Ntara twahumviye vyinshi; tuhakura amakuru menshi adasanze, amwe avuye kubemanga bati: "twarishe mu 1972". Bati twatumwe n'abadukurira mu butegetsi; bamwe bakadomako urutoke. Bati: "Uwaduhaye inkoho canke imigano yo kwica Abahutu ni Naka".

Amakuru nk'ayo twarayaronse mu Rutovu, i Matana mu Ntara ya Bururi; hamwe no mu Ntara ya Mwaro aho abahora ari aba JRR batubwiye bati: "Twarahagaritse Abahutu kandi twarabishe". Abo ba JRR ubu barakuze; ariko baracibuka ivyo bakoze n'ivyo babonye.

Mu gice ca kabiri

Uno musu Umurwi CVR uramenyesha Abarundi n'amakungu ingene ubwicanyi bwahekuye Abarundi bukwiye kwitwa.

Uyu musu rero ni uwo gutomora; kugira Abarundi bamenye kirazira; bawe mu mwijima w'ububeshi, kugayana no kutubaha ikiremwa muntu. Ni umusi wo kwerekana ko ubwicanyi busasika inganda mu gihugu budashoboka budakozwe canke budashigikiye na Reta n'inzeho zirongoye igihugu.

Imbere y'uko mbandanya ijamba ry'uno musu, mudukundire tubanze tubereke amasanamu avuga yerekana incamake y'ibikorwa Umurwi CVR waranguye uyu mwaka. Iyo resesi irimwo inyishu z'ibibazo vyinshi mwibaza.

Murakoze

VIDEO

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Mu 1972-1973, abapfuye mu gihugu bishwe n'inzeho z'igihugu: igisirikare c'igihugu carakoreshejwe; carasohoye ibigwanisho congera gihagarika abantu; abarongoye intara barakoreshejwe; barahagaritse abanyagihugu bongera barabicisha; abacamanza batari bake barafise uruhara ruboneka mu bwicanyi bwahekuye igihugu; abarongoye intwari kuva hejuru gushika mu nzego z'intango vyagenze uko nyene.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Mu Ntara zose tumaze gukoreramwo, Umurwi CVR warahatoye ibinogo vyatawemwo abishwe bazira ubusa. Muri abo bicwa, abahigwa gusumba abandi bari abava mu bwoko bw'Abahutu. Ubutegetsi bw'ico gihe bwakoresha intonde zanditswe kera. Ibinogo vyinshi Umurwi CVR wafuruye vyimbwe imbere y'ubwicanyi bwatanguye kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972: ivyo twabisanze i Rwankona muri Komine Bururi. Twarabisanze kandi muri Zone Mwakiro mu Ntara ya Muyinga n'ahandi henshi mu gihugu.

Abarundi babuze ababo mu 1972 baranyotewe ukuri kwirukana ikinyoma capfunditswe n'intwari ya Micombero; barakeneye ukuri guhinyuzwa ububeshi bw'inzeho z'igihugu.

Abagandaguwe mu 1972 bazize iki? None bazize ko ari Abahutu gusa? Abatutsi bishwe mu Rumonge, i Nyanza-Lac, i Vugizo no ku nkengera za Tanganyika imisi ya mbere y'ubwicanyi bwo mu

1972 bazize iki ? Ubwo ba « Mayi Mulele » bavugwa n'intworo ya Micombero barabayeho ? Bari Abarundi ? Bazanwe na nde ? Abakuru bari babarongoye ni bande ?

Reta ya Michel Micombero yerekanye aba « Mayi Mulele » bafashwe n'abasirikare b'igihugu bangahe ? Mbega Abahutu 10 canke 100 bafashe imipanga yo kurwanya inzego zirongoye igihugu mu Rumonge canke i Nyanza-Lac, Abahutu bo mu gihugu cose baca bitwa « Mayi Mulele » canke Abamenja ? Ni kuki babise izina ryakoreshejwe n'abagerageje kurwanya intworo yo muri Zaïre ico gihe ?

Aha Umurwi CVR ntiwibagiye ko havuzwe mu misi ya mbere ko abateye igihugu ari abashaka kugarukana intworo ya cami (abo bita « Les Royalistes »). Hakiyimirizwa uwahoze ari umwami Ntare wa 5, imbere y'uko asogotwa mw'ikambi y'abasirikare i Gitega kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972.

Umuco wa mbere umurikira ukuri ku bwicanyi bwahekuye imiryango mu 1972-1973 mu Burundi

Umuco wa mbere umurikira ukuri ku makuba yashikiye Intara ya Bururi twawukuye mu makomine agize intara ya Makamba y'uno musu ; cane cane muri Komine Vugizo, Mabanda, Makamba na Kayogoro.

Muri Vugizo, ahari Sentare y'intango n'ibiro vya Komine kera, hitwa Gikuzi, ibara ryaraguye. Imitumba ishika 20 yahamagawe mu nama ; abagabo n'abasore b'Abahutu barasobanuwe n'abategetsu ; hanyuma baricwa n'abasirikare ! Muri Mabanda, Kayogoro na Makamba ni uko nyene. Abategetsu b'intworo na gisirikare bari kw'isonga mu guhagarika no kwica abanyagihugu b'Abahutu barazwi kuko badomwako urutoke n'abacitse kw'icumu. Muri ako karere havugwa cane Commandant Jérôme Sinduhije na Musitanteri Antoni Nyawakira.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Mu Ntara ya Bururi ni ho haturuka abategetsu benshi bari barongoye inzego z'igihugu mu 1972-1973. Umukuru w'igihugu Michel Micombero niho yavuka n'abandi bategetsu bakuru mu gisirikare, mu butungane, mu gipolisi n'ahandi.

Uyu mwaka wa 2021 turimwo, Umurwi CVR warumvirije uwari Bulamatari w'umusirikare w'ico gihe. Ivyo yabwiye Umurwi CVR birimwo umuco utari muke; cane cane kuvyerekeye ibimenyetso vya mbere vyerekeye ubwicanyi Uburundi bwahavuye burwamwo.

Yaramenyeshye Umurwi CVR ko yahanuye abo yashikiriye ko batogenda mu Rumonge kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972 ahitwa ko hateguwe inama z'umutekano n'urukino rw'umupira w'amaguru.

Yarabwiye kandi Umurwi CVR ko yasavye uruhusha rwo kurungika abasirikare kwirabira imyiteguro y'aboba bashaka gutera igihugu i Mugara mu Rumonge, abategetsu bakuru ba gisirikare n'iperereza baramwankira. Ngo bamubwiye bati: "Wewe ufise abasirikare uratinya abafise imipanga"?

Abakozi ba CVR barumvirije kandi uwari yigize Musitanteri wa Vugizo ico gihe. Twarumvirije kandi abategetsu batandukanye bakorera mu karere ka Matana. Abo bose baratubwiye ivyabaye muri Matana. Bamwe muri bo baremanga imbere y'abakozi ba CVR ivyo bakoze. Barongeye barabwira Umurwi CVR amazina amwe amwe y'abategetsu ba gisirikare babahaye inkoho bakoresheje mu kwica Abahutu mu 1972-1973. Ivyo babwiye Umurwi CVR biri mu mpapuro bashizeko umukono bo nyene ata gahato.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Banyakubahwa Mugize ibiro vy'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka,

Banyakubahwa Bashingamateka,

Banyakubahwa Bakenguzamateka,

Mu ntara ya Bururi harafise ivyo hisangije. Mu Rutovu, kw'ishure ry'intango ryo ku Mutangaro niho hambere Umurwi CVR wamenye ko hishwe abana bato biga mu mashure y'intango (Ecole primaire); abana bo mu mwaka wa 2 canke wa gatatu; bashirwa mu magunira bagatwarwa mu miduga gutabwa ahatazwi.

Mu Ntara ya Bururi kandi hari ikintu hari hisangije: abantu benshi bagandaguwe bafatwa n'ababanyi.

Mw'ikambi y'i Bururi, abasirikare b'Abahutu baragandaguwe n'abari babarongoye. Uwari arongoye iyo kambi yabwiye Umurwi CVR ko yatanze uruhusha rwo kurasa abasirikare bashika cumi na batanu (15) kuko yabahamagaye bakanka kwitaba. Ariko amakuru CVR ifise yemeza ko abasirikare b'Abahutu bishwe mw'ikambi y'i Bururi barenga cane igitigiri ca 15 twabwiwe n'uwari arongoye ikambi.

Amahano yashikiye imiryango yari irereye kw'Ishure Nderabigisha ya Kiremba (Ecole Normale de Kiremba) asiga ubwenge: abanyeshure barenga 120 barishwe; abarenga 50 bagenda amazi mayongo. Kandi intonde zakorehwa mu guhagarika abo banyeshure zateguwe n'abarongozi, abigisha canke abanyeshure bagenzi babo badasangiye ubwoko. Pasitori waho i Kiremba yitwa Madengo Abed Nego aradomwako urutoko n'abanyagihugu hamwe n'abanyeshure bacitse kw'icumu. Uwo mu Pasitori yakorana n'abarongoye Intara ya Bururi n'inzezo za gisirikare mugushomba abo bana.

Mu Ntara ya Bururi, mu binogo vyatawemwo abishwe mu 1972-1973 Umurwi CVR washoboye kumenya no gufufura, havuyemwo ibisigarira 2.160. Muri Komine Bururi, cane cane i Rwankona, kw'ibohero rya Bururi n'i Munini, Umurwi CVR wahatoye ibisigarira 837; muri Komine Matana ahitwa Gitandu, CVR yahatoye ibisigarira 302; muri Komine Mugamba Umurwi CVR wahatoye ibisigarira 200; muri Komine Rutovu, ahitwa Muzenga, Umurwi CVR wahakuye ibisigarira vy'abishwe 494; muri Komine Songa, hafi ya Lycée ya Komine, twahakuye ibisigarira vy'abishwe 276; muri Komine Vyanda hatowe ibisigarira 51 vy'abatawe mu binogo rusangi.

Ariko amakuru yo mu Ntara ya Bururi asohoka bigoranye. Amaso atera ubwoba abafise ivyo bazi canke babonye ni menshi. Tumaze imisi tuvuye gukorera mu ntara ya Bururi, hari abanyagihugu babwiye Umurwi CVR ko ibinogo twafuruye ari bito; ngo binini ntitaronse uwubahuka kubitwerekana.

Ayandi makuru CVR yakuye i Bururi yemeza ko inzuzi nka Jiji, Murembwe na Siguvyaye zatawemwo abishwe gushika aho zuzura kubera ibiziga vyavyimvye bikagomera izo nzuzi.

Abakozi ba CVR barishikiye kuraba no gufata amasanamu aho abahagaritswe begeranirizwa (Sites de rassemblement) imbere y'uko imodoka za gisirikare ziza kubashomba zibajana mu mabohero kwicwa. Aho ni i Munini hafi y'inzu ya Musitanteri Karoli Nyanzira; no ku mutumba Munini nyene. Aho i Bururi, mu binogo umurwi wafuruye i Rwankona no ku Munini, twasanze abishwe babatayeko ibibuye n'amatafari. Amabeni arenga abiri y'amabuye ni yo twakuye muri ivyo binogo.

Tukivuga ivyabaye mu Ntara ya Bururi mu 1972-1973, uyu mwaka turimwo, Umurwi CVR warumvirije umutegetsi y'ahora ajejwe amabanga mu rwego rw'Iperereza. Yarabwiye Umurwi CVR ko yagize urugendo i Kigoma, muri Tanzaniya, gutohozza ivyerekeye abarwanyani canke ba Mayi Mulele bavugwa ko bariko barategura gutera Uburundi.

Uwo muyobozi yari kumwe n'uwumukurira mu mabanga yitwa Petero Ndikumana yarahaye Umurwi CVR amakuru atari make ku vyavugwa n'intwari ya Micobero kuri ba Mayi Mulele. Abo nabo bakaba bavuzwe cane ku nkengera z'ikiyaga Tanganyika nko mu Rumonge, Nyanza-Lac, Vugizo na Kabezi.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Umuco wa kabiri umurikira ukuri ku vyabaye mu gihuqu mu 1972-1973 wavuye mu Ntara ya Muyinga.

Mu 1972, Kirundo yari Arrondissement itwagwa mu Ntara ya Muyinga. Bulamatari yari Commandant Ferdinando Ntawumenya; Bulamatari w'umusivile yitwa Yohani Barahinduka.

Mu Makomine yose ya Muyinga-Kirundo Abarundi barishwe: abakozi ba Reta, abigisha, abihebeye Imana, abadandaza, abanyagihugu basanzwe bisununuye mu kubaho. Abarongoye umugambwe UPRONA n'umuhari JRR baravugwa cane mu bwicanyi; cane cane muri Komine Buhinyuza na Zone Mwakiro y'ico gihe.

Muri Zone Mwakiro, ibinogo vya mbere vyatawemwo abagandaguwe mu 1972 vyimbwe n'impunzi z'Abanyarwanda zo mw'ikambi ya Nyarunazi. Izo mpunzi zakoresha zikongera zigahagarikirwa n'abarongoye intwari muri Komine Buhinyuza.

Abategetsi baserukira Inama Nshingamateka n'abandi barongoye inzego z'igihugu barishikiye i Mwakiro baribonera ibinogo birebire bishika bitandatu vyagumye vyasamye kuko bibuze abo bimirira mu 1972.

Mu ntara ya Muyinga kandi, abishwe benshi batawe mw'ishamba cimeza rya Ruvubu; abandi batabwa mu ruzi Ruvubu. Imiryango yabuze igemuriye abapfunzwe, bababwira ko babajanye i Ngozi, ariko bapfuye kera. No muri Komine Vumbi-Bukuba ya Kirundo ni ko babwira imiryango igemuriye abapfunzwe.

Ikindi Umurwi CVR womeyeshya Abashingamateka n'Abakenguzamateka ni uko Abarundi benshi bavuye gupagasa muri Tanzaniya na Uganda ico gihe batarenga i Muyinga. Niho biciwe. Aya makuru Umurwi CVR wayahawe n'abacitse kw'icumu bava mu bwoko bwose.

Arrondissement ya Kirundo yarabonye amakuba adasanzwe. Muri Komine Vumbi, Umurwi CVR wahakuye amasanamu adasanzwe. Kw'isoko ya Vumbi-Gasura, twahatoye ibinogo birenga 20 birimwo ubuhanga gusa. Ivyo binogo biri mu matongo y'abantu. Icegera c'Umukuru w'igihugu yarahashitse yaravyiboneye. Ku biro vya Komine Gasura, Umurwi CVR wahafuruye ikinogo kinini cane. Hejuru y'ibisigarira vy'abishwe ababishye babatayeko ivyuma biremereye bisa n'ivyahora bisya ikawa mu myaka ya 1970. Amasanamu y'ivyo vyuma Umurwi CVR warayabitse.

Mu Kirundo kandi, twarashitse muri Komine Busoni, aho twafuruye ikinogo kiri imbere y'inzu y'umunyagihugu yitwa Viateur X. Abahiciwe bari impunzi z'Abahutu zo mu 1972 zateye zivuye mu Rwanda mu kwezi kwa gatanu 1973. Abatagize Imana, bese barahasize agatwe.

Mubakoze amarorerwa muri iyo Ntara ya Kirundo harimwo uwari arongoye Brigade ya Kirundo guhera mu kwezi kw'icumi, Lieutenant Laurent Ndabaneze. Abamusitanteri b'Amakomine bese bo mu Kirundo badomwako urutoke n'imiryango itandukanye. Bamwe muri bo nka Joseph Nzogera ubu barahunze igihugu; abandi baramaze kwitaba Imana.

Mu ncamake, Intara za Kirundo na Muyinga nazo zarasinzikaye. Inyandiko/Archives Umurwi CVR washoboye kwegeranya mu nzego z'Ubutungane, Iqipolisi, Intara, Amakomine n'Igisirikare zerekana abantu benshi bagandaguwe; bamwe babita ba "Mayi Mulele"; hanyuma bakabita "abarozi"; mu mperuka babafata babagiriza ko batatanze ikori.

Abo bitwa "Mayi Mulele", "Abarozi" canke "abatatanze ikori" bese bari Abahutu. Izo nkuru zavuzwe cane muri Komine Mwakiro na Buhinyuza, aho Umurwi CVR wasanze haragandaguwe abakenyezi benshi b'abadandaza bagatabwa mu binogo rusangi bakurikira abagabo babo.

Abarundi bese, cane cane Abanyamuyinga n'Abanyakirundo, bakwiye kumenya ibi bikurikira:

- I Mwakiro, ahitwa Musenga, Umurwi CVR wahatoye ibisigarira vy'abishwe 262. Ariko, abacitse kw'icumu babwiye CVR ko abagandaguwe benshi bariwe n'ibikoko vyo mw'ishamba cimeza rya Ruvubu kuko batafuriwe.
- Ahitwa Burenza muri Komine Buhinyuza, twahakuye ibisigarira vy'abishwe 129.
- Ahitwa Kayove muri Giteranyi, twahakuye ibisigarira vy'abishwe 36.
- Ahitwa Butihinda muri Komine Butihinda, twahakuye ibisigarira vy'abishwe 25. Bose hamwe muri Muyinga, twahakuye ibisigarira 452. Ariko mwibuke ko abagandaguwe benshi batawe

muri Ruvubu; abandi bagatabwa mw'ishamba cimeza rya Ruvubu. Hariho n'abafatirwa i Muyinga bakicirwa i Gitega canke i Ngozi.

- Ahitwa Gisenyi muri Komine Busoni, twahafuruye ibisigarira vy'abishwe 41.
- Ahitwa Gasura muri Komine Vumbi, twahatoye ibisigarira vy'abishwe 87.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Muri Arrondissement ya Kirundo, hari imiryango yari yimutse iva mu Ntara ya Ngozi na Kayanza yasubijwe ku nguvu iyo yaturutse. Mu 1972-1973, abaserugo n'abana b'abahungu babararitse kuja guhiga ba "Mulele" mw'ishamba ry'i Murehe, hafi ya Gasenyi-Nemba, abasirikare baca babiciraye. Amatongo y'abo bimuka bari bavuye mu Ntara ya Ngozi yacye ahabwa Abanyarwanda. Aho i Murehe muri Komine Busoni, abakozi ba CVR bahabonye amagufa menshi y'utumanyu asanzaye mw'ishamba. Kuyaharura ntivyashobotse kuko biboneka ko abagandaguwe basangukiye ku musozi.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Mu vyegeranyo n'ibitabo Umurwi CVR ushikirije Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka uno musi, turatanga amazina y'abari kw'isonga mu Ntara no mu Makomine muguhagarika no kwica abanyagihugu cane cane Abarundi b'Abahutu mu 1972-1973. Abakoze ayo mabi ku mitumba canke muri karitiye nka Bujumbura, Gitega, Muyinga, Rumonge n'ahandi benshi baramenyekanye. Co kimwe n'abanyaze imiryango bayita imiryango y'abamenja. Abategetsu bafashe abapfakazi ku nguvu baravuzwe cane mu matohoza Umurwi wakoze mu gihugu; hariho n'abaza kwinjirira abapfakazi kandi ari bo nyene bishe canke bicishije abagabo babo.

Abo bapfakazi barabuze ayo bacira n'ayo bamira. Bamwe muri bo baritanga ku bategetsu; bakaryamana na Bamusitanteri bamwe bamwe, bizera ko abagabo bapfunzwe borekurwa. Ivyo vyarabayeye cane muri Komine Giheta mu Ntara ya Gitega; no mu gisagara ca Bujumbura aho abakobwa b'imiyabaga bugaraniye mu mazu amwe amwe, aho abategetsu bafise igihagararo kidasanzwe bakuranwa mu kubasambanya ku nguvu.

Abapfakazi b'abakozi ba Reta barasohowe mu mazu ya Reta; baratabwa hanze. Imiryango yaranyazwe amazu, imiduga, amatongo, ibitungwa, amafaranga mu mabanke n'ubundi butunzi bwose buboneka.

Ivyerekeye amazu n'imiduga vyo bisiga ubwenge. Mu gihugu cose, Umurwi CVR wararonse urutonde rw'amazu y'Abahutu rwakozwe n'inzego za Reta. Urwo rutonde rurerekana ata nkeka ko ivyabayeye vyateguwe n'intwari ya Micombero; kandi vyateguwe kera.

Abapfakazi benshi n'impfuvyi bacye baduga kuba ruguru; benshi bicwa n'ubukene, akabonge, agahinda, amaganya n'akagaye k'ababicye ababo. Ababuze ntibaririye ababo; ntibagandaye; ntibagandutse. N'uyu musi hari abapfakazi n'impfuvyi bakirota babona ababo bagaruka kandi bamaze imyaka 50 baragandaguwe.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Umuco wa gatatu umurikira ukuri ku bwicanyi bw'agahomerabunwa bwabaye mu Burundi mu 1972-1973, Umurwi CVR waraye uwuronse mu gisagara ca Bujumbura.

Bujumbura ni wo wari umurwa mukuru w'igihugu. Niho hari inzego nkuru z'igihugu: Ibiro vy'Umukuru w'igihugu; Ibiro bikuru vy'Igisirikare; abategetsu bakuru mu Butungane; icicaro c'Umugambwe UPRONA n'imihari iwukomokako (JRR, UFB na UTB); Iradiyo y'igihugu yitwa "Voix de la Révolution du

Burundi"; Ubushikiranganji butandukanye; Ibiro bikuru vy'Iperereza/Sûreté-Immigration; n'izindi nzego zitandukanye.

Kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972, Umukuru w'igihugu Michel Micombero yarakuye Reta yose. Micombero yasigaye akorana n'ibihangange vy'abizigirwa. Bukeye kw'itariki 30 Ndamukiza 1972, Micombero yaciye ashiraho Ababulamatarari b'abasirikare mu ntara zose z'igihugu bafise ububasha budasanzwe. Kuri uwo musu nyene, niho Cyrille Nzohabonayo yashingwa amabanga akomeye yo kuba Umushikirizamanza Mukuru wa Republika/Procureur Général de la République. Abamuzi neza bavuga ko ariho yari agiheza amashure kuri Kaminuza.

Simbananiye Arhémon yashinze amabanga ahambaye kw'igenekerezo rya 12 Rusama 1972: Umukuru w'igihugu yamushinze kuba Umuserukizi w'igihugu agenda isi yose kuvugira Uburundi yongera amugira Umushikiranganji afise ububasha bwo guserukira Umukuru w'igihugu muri vyose/Ambassadeur Itinérant et Ministre Plénipotentiaire. Umuntu nk'uyu murumva ko atavyabaye mu gihugu muri ico gihe atazi; murumva ko atavyateguwe mu gihugu atazi.

Hari ikintu twokwibutsa Abarundi bose: Abasirikare bari barongoye Intara z'igihugu uko zari umunani ico gihe ni aba: Bujumbura yatwarwa na Commandant Ndikumana Gabriel; Gitega na Commandant Sinduhije Jérôme; Bururi na Commandant Nduwingoma Samuel; Ngozi na Commandant Bizoya Joseph; Bubanza na Capitaine Nzibarega Joseph; Musinga na Commandant Ntawumenya Ferdinand; Ruyigi na Capitaine Sakubu Lucien; Muramvya na Capitaine Ndikumagenge Charles. Ba Bulamatari b'abasivile bari basanzwe mu mabanga bagumyeho; havuyemwo umwe w'i Bururi yagandaguwe mu misi ya mbere.

Abo basirikare binjiye mu mabanga kw'igenekerezo rya 30 Ndamukiza 1972. Mu kwezi k'umunani 1972, Michel Micombero niho yashira umukono ku ngingo nshasha isubiza amabanga uko vyahora ba Bulamatari b'abasivile. Aho vyitwa ko akazi k'abasirikare barongoye intara karangiye canke kagabanutse.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Uyu mwaka wa 2021, amakuru adasanzwe twayasanze ahitwa mu Buterere muri Komine Ntakangwa. Niho himbwe ibinogo bidasanzwe vyatawemwo abagandaguriwe hano i Bujumbura : abashikiranganji, abakozi ba Reta, abakozi bo mu mabanke nka BRB na BCB ; abigisha ; abadandaza ; abanyeshure biga muri Kaminuza na ENS ; abasirikare n'abandi benshi bafatirwa muri Bubanza canke mu Ntara ya Bujumbura.

Umurwi CVR wararonse urwandiko rw'impapuro 16 ruriko abantu 962 bitwa ko baciye mw'ibohero rikuru rya Mpimba imbere y'uko bacirirwa urubanza rwo gupfa ruca ruja mu ngiro ubwo nyene, na bene kurucirwa batarumenyeshewe. Urwo rwandiko ruriko amazina aciyemwo umurongo.

Twaratohoje dusanga benshi ni Abatutsi bari bapfunzwe hanyuma bararekurwa kuko ari Abatutsi. Ivyo dushikiriza twabibwiye n'warekuwe mu Mpimba kuko avuze ko ari Umututsi. Abo barekuwe n'intwazangabo yitwa Nzohabonayo Sylvere.

Mu gisagara ca Bujumbura, hari abicwa bagatabwa muri Tanganyika canke muri Rusizi. Hari n'abatawe mw'ishamba rya Rukoko, baribwa n'ibikoko.

Mu gisagara ca Bujumbura kandi, niho hava amakuru y'ibinyoma adasanzwe atangwa n'inzego z'igihugu. Abarongoye igihugu ni bo bambere babwiye Abarundi n'amakungu ko igihugu catewe n'abashigikiye intwari ya cami (les Royalistes). Aho hari igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972. Bukeye inzego n'iradiyo vy'igihugu barahinduye ; bavuga ko hateye « Mayi Mulele » ; hanyuma abo bose babita « Inyankaburundi » zikorana n'abanyamahanga « les impérialistes ».

Umurwi CVR wararonse amajwi y'abamenyeshamakuru b'ico gihe, batanga amajambo y'ibanze/bimwe bita Editorial : abo ni Maceri François mu gifaransa na Mutana Athanase mu kirundi.

Kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972, Karoli Ndizeye yaraye agandaguwe mw'ikambi y'i Gitega. I Bujumbura no mu gihugu cose haraye uruhagarara. Intonde zanditseko Abahutu bahagarikwa bagaca bicwa zacye zisohoka mu gihugu cose. Izo ntonde zanditswe na nde ? Zanditswe ryari ?

Uyu musi uri hejuru, Umurwi CVR urafise inyishu kuri ivyo bibazo. Izo ntonde zanditswe n'ubutegetsi burongowe na Michel Micombero, bwateguye ubwicanyi bw'agahomerabunwa mu gihugu cose.

Umurwi CVR wararonse inyandiko/archives ziriko rusansuma rw'abahutu mu Kirundo ; inyandiko z'abahagaritswe barenga 1000 i Ngozi ; Abarundi barenga 900 bitwa ko bacye mw'ibohero rikuru rya Mpimba mu kwezi kwa gatanu 1972; inyandiko z'abitwa ko baciriwe urubanza rwo gupfa i Gitega mu gisagara ca Bujumbura. Igitangaje muri ivyose ni uko ivyitwa imanza biriko n'abanyagihugu bari bamaze imisi mu binogo rusangi nko ku Ruvubu muri Karusi ; canke ku Buterere mu gisagara ca Bujumbura.

Inyandiko Umurwi CVR umaze kuronka zerekana ko abakozi bo mu Butungane, Igipolisi, Igisirikare, abarongoye intara n'amakomine bagize uruhara runini mu guhagarika no mu kundagagura Abarundi mu 1972-1973.

Mu gisagara ca Bujumbura, abagize umuhari w'urwaruka JRR baravuzwe cane ; nk'uko twabisanze mu zindi ntara nka Muyinga, Mwaro na Muramvya.

Mu nyandiko Umurwi CVR umaze kuronka zavuye mu Butungane no Bushikiranganji bw'Indero canke ubw'abakozi ba Reta, twarakuyeyo inyandiko z'abishwe n'abakuwe mu kazi bagirizwa ko bagiyeye kurwanya igihugu.

Umurwi CVR wararonse urutonde rw'amazu y'Abahutu bize canke b'abadandaza ; urutonde rwateguwe mu gihugu cose imbere y'umwaka wa 1972. Urwo rutonde rwerekana amazina ya Nyeninzu ; arrondissement inzu yubatswemwo n'ibikoresho biyubatswe. Abanditse urwo rutonde bararwitondeye kuko baratomora n'ibikoresho inzu yubatswemwo (amabuye, amatafari y'ibumba ahiye, amatafari y'ivyondo adaturiyeye ; inzu zisakajwe amabati canke amategura ; inzu z'agaciro ko hejuru bita villas de luxe). Munkundire kw'izina ry'Umurwi CVR tubahe akarorero kamwe kerekeye rusansuma rw'amazu rwabaye mu gihugu : X.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Umurwi CVR urafise urutonde rw'imiduga y'Abahutu bishwe mu gihugu ; amazina y'abayitwaye bitwa ko bayiguze ; n'igicro citwa ko iyo miduga yagurishijweko.

Mu gisagara ca Bujumbura, Umurwi CVR wahakuye amakuru menshi yerekeye ubwicanyi bw'agahomerabunwa bwabaye mu 1972: amafaranga yo mu banke yafashwe n'inzego z'Ubutungane, bimwe bita « comptes bloqués »; ingene imiryango yabuze Serugo yasohorwa ku nguvu mu nzu y'umuryango... ivyo mu nzu, imiduga n'ibindi bikanyarwa ... abapfakazi n'impfuyi bagapfa bangara.

Ku kibazo c'amazu n'imiduga vyanyazwe, amakete yo mu nzego z'Ubutungane, cane cane y'Umushikirizamanza Mukuru wa Republika Cyrille Nzohabonayo na Philippe Minani yaranyuragirana. Mu gihugu hagati vyagenze uko. Amakete y'Abashikiranganji Kanuma Longin na Gabriel Mpozagara kwari uko nyene.

Abavyeyi bari barereye mu mashure yisumbuye nka ETS Kamenge, Athénée Royal, ENE/Ecole Normale de l'Etat, ENA/Ecole Normale d'Administration, Ecole Moyenne Pédagogique n'ahandi barambuwe ibibondo. Ishure yabuze abanyeshure benshi hano i Bujumbura rikaba ari ETS Kamenge aho hishwe abanyeshure barenga 200. Abacitse kw'icumu kuri ETS bahaye amakuru Umurwi CVR barabonye intwazangabo Rwuri Joseph isoma impapuro ziriko intonde z'abanyeshure b'Abahutu baja kwicwa.

Amatohoza Umurwi CVR wakoze uno mwaka wa 2021 yatweretse ko Collège du Saint Esprit/Koleji yitiriwe Mutima Mweranda hamwe n'Iseminari Ntoya yo mu Kanyosha habaye igitangaro c'Imana.

Abarezi baho, Patiri Seigneur kuri Collège du Saint Esprit na Patiri Nkanira Pierre mw'Iseminari yo mu Kanyosha, ngo barahabereye Abakristu bashitse, barakingira abanyeshure bareze.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Umuco ugira kane umurikira ukuri ku bwicanyi bwahekuye igihugu n'imiryango mu 1972 Umurwi CVR wawuronse mu Ntara ya Muramvya na Mwaro.

Mu Ntara ya Muramvya, abakozi ba CVR barafuruye ibinogo bidasanze inyuma y'ibohero ry'aho i Muramvya.

Mu 1972, iyo Ntara yarirongowe na Capitaine Charles Ndikumagenge, Bulamatari w'umusirikare. Mwaro yari Arrondissement ikukira Muramvya mu 1972. Aho mu Ntara ya Muramvya, Umurwi CVR warahatoye ibisigarira vy'abishwe mu 1972 ; ariko abakozi ba CVR baratoye n'ibisigarira vy'abishwe mu 1969. Ivyo binogo twaverekwaga n'imiryango yabuze mu rwimo rutandukanye.

Muri Mwaro, imigano yo kwica Abahutu yavuye muri Komine Mugamba mu Ntara ya Bururi iherekejwe na Musitanteri wa Rumonge, Nyambere Damas. Ibinogo vyatawemwo abishwe mu 1972 muri Zone Makamba ya Komine Rusaka canke i Gisozi ahitwa Nyamiyaga biteye ubwoba. I Mwaro, abahora ari aba JRR baratanzwe inkuru zikwiye, baremerera Umurwi CVR ivyo bakoze. Abandi bahora ari aba JRR canke abacamanza bakabesha Umurwi CVR, kandi Abahutu n'Abatutsi b'ako karere bamaze kubadomako urutoko.

Abari barongoye amakomine yo muri Arrondissement ya Mwaro bose badomwako urutoko mu guhagarika, kwicisha no kunyaga Abahutu bagandaguwe. Musitanteri wa Komine Nyabihanga Fransisiko Barihonyoyeko ni we wenyene abanyagihugu bavuga ko yitanze mu gukingira abo arongoye.

Abagandaguwe muri Mwaro baca banyagwa urukombamazi ivyo batunze cane cane inka zegeranirizwa ahitwa Masha muri Gisozi n'i Makamba muri Rusaka.

Abashoboye kurokoka muri Gisozi, Musitanteri yatwara Bisoro, Ntagwarara Antoine, yarabasohoye mw'ibohero hamaze kuvugwa itangazo ry'ihumure. Aca akoranya inama, abwira abari aho ati : « Ng'aba ba Bahutu banyu ndabarekuye ; rahira ko mutazosubiza abana banyu mu mashuri ». Baca bararahira ; bongera bakoma amashi !

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Ingingo ya gatandatu y'ibwirizwa ryo muri Munyonyo 2018 rigenga Umurwi CVR riratomora neza ubutumwa n'ububasha bw'uyu murwi.

Imyaka itatu irarumanye Umurwi CVR werekanye ivyari vyaranyegejwe mu binogo rusangi tumaze gutora mu gihugu. Umurwi CVR umaze gukorera mu Ntara cumi kuri 18 zigize igihugu. Imyaka itatu irarumanye Umurwi CVR wumviriza abapfakazi, impfuyi, abacitse kw'icumu n'ivyabona bitandukanye. Turafise n'ayandi amakuru atari make twasigiye n'abatubonye izuba muri buno butumwa.

Ivyo vyabona bitandukanye twumvirije bamwe twabasanze mu Makomine babamwo ; abandi badusanga ku cicaro c'Umurwi CVR hano i Bujumbura.

Imyaka itatu irarumanye Umurwi CVR utohoza ibiri mu nyandiko no mu bitabo bisigura ubwicanyi budasanze bwabaye mu gihugu mu 1972-1973. Izo nyandiko canke Archives nyinshi zavuye mu Butungane, mu Bushikiranganzi bw'Abakozi ba Reta n'Indero, mu Ntwaro y'Intara no mu ngingo Umwami Ndizeye n'Umukuru w'igihugu Michel Micombero yagiye arashirako umukono mu kurongora igihugu.

Uno musi uri hejuru, Abarundi bararonka umuco k'ubwicanyi n'amaganya batewe n'ubutegets. Reta ya Michel Micombero yarateguye yongera ishira mu ngiro umugambi wo kwica Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu.

Hariho n'Abatutsi bagandaguwe cane cane ku nkenegera z'ikiyaga Tanganyika, nka Rumonge, Nyanza-Lac na Vugizo muri Makamba. Hari n'abandi batutsi bishwe bazira ivyo basangiye n'Abatutsi benewabo ; hariho n'Abatutsi bagandaguwe kuko biyamirije ibiriko biraba canke bagerageza gukingira Abahutu.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Banyakubahwa muri mu Biro vy'Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka,

Banyakubahwa Bashingamateka,

Banyakubahwa Bakenguzamateka,

Ng'ibi ibimenyetso bikuru bikuru vyerekana ko Uburundi bwagira bugwe mu kaga mu 1972 :

- a) Ikimenyetso ca 1. Mu 1965, niho hagandagurwa Umushikirangoma wa Mbere Petero Ngendandumwe. Icibonekeje ni uko urwo rupfu rwasize ibibazo vyinshi mu Barundi, cane cane Abarundi bava mu bwoko bw'Abahutu. Petero Ngendandumwe yari Umuhutu yize amashure ; Abarundi bazi ko yitonda kandi yarwaniye ukwikura kw'Uburundi.

Abamugandaguye ntibahanwe n'ubutungane nk'uko vyari vyagenze kubagandaguye Umuganwa Ludoviko Rwagasore. Uwamurashe, Umunyarwanda Gonzalve Muyenzi n'abo bari kumwe bararekuwe.

Ingene urwo rubanza rwagenze rwibukije Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu bamwe bamwe ingene abishe Abahutu bo mu Kamenge bari muri Syndicat kw'igenekerezo rya 19 Nzero 1962 bataciriwe urubanza.

- b) Ikimenyetso ca 2. Ingene Ubutungane bwakoze vyavyaye agahinda n'ukwihebura ; bikurikirwa n'igeragezwa ryo gutembagaza ubutegets muri Gitugutu 1965 n'ubwicanyi bwabaye mu Ntara ya Muramvya ahitwa Busangana na Busimba. Aho amaraso yarasubiye guseseka ; abantu barishwe ; abashingamateka b'Abahutu bo mu migambwe UPRONA na PP/Parti du Peuple, harimwo n'abandi bakozi ba Reta bafise amabanga ahambaye barahagaritswe baricwa.
- c) Ikimenyetso ca 3. Mu Ntwaro y'Intara n'Amakomine, ibintu vyacyiye bitangura kuyangara kuva mu 1965. Abahutu bari baratowe mu nzego z'intango barasubirijwe. Umugambwe UPRONA wacyiye ucika umugambwe umwe rudende ku wa 23 Munyonyo 1966 ; iyo ngingo yafashwe n'Umwami Ntare wa gatanu abihanuwe n'abari bamukikije ; batatevye kumubogoza. Umugambwe UPRONA wasigayemwo Abahutu batize ; kuko abize bariko barabirukana bukebuke.
- d) Ikimenyetso ca 4. Mu kiyaya c'Imbo harabaye ibintu bidasanzwe. Abashinzwe intwaro benshi barakuwe basubirizwa n'abamanuka bavuye cane cane i Bururi, i Songa, i Matana n'ahandi. Kandi nka bose bari Abatutsi basubiriye Abahutu bakuwe. Ivyo vyabaye mu burongozi bw'Amakomine no mu bundi buzi bwa Reta gushika kuri butobuto nk'ubuplanto, kandi vyahavuye bishika mu gihugu cose.
- e) Ikimenyetso ca 5. Harabaye cane cane mu karere k'Imbo no ku nkenera za Tanganyika ibimenyetso vyerekana ko abakuwe n'abavuye ahandi badahimbawe n'ingingo zafashwe mu

burongozi bw'intwaro : hari abanyagihugu batanguye kugarariza ; abandi baranka gutera ipampa ; abandi barahagarika kuriha amatagisi ; cane cane itagisi ijanye n'uburovyi.

- f) Ikimenyetso ca 6. Umurwi CVR waratohoje uramenya ivyabaye mu ntwaro vyateye icuka kibi mu mibano : mu basangwa n'abaje kuba no kutwara aho twokwita mu kiyaya c'Imbo, haciye haba imirwi ibiri y'abanyagihugu : abasangwa biyita kandi bemera ko ari Ababo n'abamanutse vuba bishwe « Abanyaruguru ». Ku Babo, abo Banyaruguru bese baba Abahutu canke Abatutsi bese bafatwa nk'Abatutsi baje kubanyaga ubutegetsu n'ubutunzi bari basanganwe. Ababo bitwa ko bavuga Ikibo : ni ukuvuga Ikirundi kibi ; Abanyaruguru nabo bakavuga Ikirundi ngo ciza. Ivyo kugayana no kw'inubana vyahereye aho.
- g) Ikimenyetso ca 7. Hagati ya 1965-1966 n'imyaka yakurikiye, nta shure nimwe yisumbuye yari mu kiyaya ca Bururi. Amashure azwi i Bururi yavugwa gusa mu Rutovu, i Kiremba n'i Matana. Kandi ngo ayo mashure yakira nabi nabi abitwa Ababo. Kubera batari bafise amashure yo kwigamwo, n'abipfuzaga kwinjira mu gisirikare ntivyaborohere. Umurwi CVR waronse amakuru menshi yemeza ko Abahutu bo mu Rumonge bumva ko bakumiriwe cane n'intwaro. Ivyo bimenyetso bikuru bikuru tubashikirije vyakurikiye n'imyaka y'akajagari n'amacakubiri.
- h) Ikimenyetso ca 8. Igihe Capitaine Michel Micombero yakura Umwami Ntare wa 5 kw'igenekerezo rya 28 Munyonyo 1966 yari yemereye Abarundi kwaje kwurwanya amacakubiri ahagaze ku moko. Urwo rugamba ntirwamworoheye. Kuko ingingo nyishi yafashe zerekana ko imvugo itazoba ingiro.
- i) Ikimenyetso ca 9. Kw'igenekerezo rya 28 Gitugutu 1969, Ekleziya katolika-Diyoseze ya Gitega yarerekanye aho ihagaze ku ngorane igihugu kirimwo kirinjiramwo ; ingorane z'amacakubiri y'ubwoko. Ivyo umurwi wize izo ngorane wise « racisme hutu-tutsi ». Abihebye Imana bari muri uwo murwi bari Patiri Roger Mpungu, Rémy Donners, Michel Parets, Cyprien Ntawundaba, Henri Bujana na Michel Kayoya.
- j) Ikimenyetso ca 10. Akagohe katanzwe na Commandant Martin Ndayahoze. Ivyo Umushikiranganji wo kumenyesha amakuru, Commandant Ndayahoze, yandikiye Umukuru w'Igihugu Michel Micombero mu « Rwandiko rwo mw'ibanga »/ « Rapport confidentiel » igenekerezo rya 23 août 1967 vyabaye mu 1972 nk'uko yari yavyanditse. Yari yabwiye Umukuru w'Igihugu ati : hari amayeri n'ububenshi bwinshi buriko burakoreshwa mu gihugu n'abashikiranganji bamwe bamwe nka Yohani Ntiruhwama na Artemoni Simbananiye bugiye gutera uruhagara mu gihugu. Yarongeye aravugaga ati : abo Bashikiranganji ukwo ari babiri bariko bakwiza ibihuha ko Abahutu bariko bategura gutembaza intwaro ya Micombero.

Ico gihe, Martin Ndayahoze yandikiye Umukuru w'Igihugu ko mu Batutsi benshi ata kindi kivugwa atari ico bita « péril hutu ». Bisigura ko Abatutsi bakwiye guhaguruka bakarwanira Abatutsi. Ayo majamba y'ico gihe « péril hutu » no « kugwanira Abatutsi » yavyaye ayandi mu Bahutu yiyamiriza ico Commandant Ndayahoze yari yise mu rwandiko rwiye « domination par « l'apartheid tutsi ». Ni ukuvugaga gukandamiza no kuvangura Abahutu mu vy'ubuzima bw'Igihugu.

- k) Ikimenyetso ca 11. Ivyo Commandant Ndayahoze yandikiye Umukuru w'Igihugu vyakurikiye n'ico Reta ya Micombero yise igeragezwa ry'ugutembagaza ubutegetsu ryitiriwe Commandant Karorero na Katariho kw'igenekerezo rya 17 Kigarama 1969. Izo Ntwazangabo mu gisirikare c'Uburundi bari Abahutu bavuye kwiga mu Bubiligi.

Amakuru Umurwi CVR waronse yemeza ko izo Ntwazangabo zashitse zironka amabanga meza mu gisirikare ; abandi badasangiye ubwoko baca batangura kubagirira ishari. Hakurikiye

guhagarika abantu batari bake ; haca haba urubanza rwakurikijwe buno nyene : 25 baciriwe urwo gupfa, baca baricwa ubwo nyene ; 2 bacirirwa urwo guherayo ; 34 bacirirwa gupfungwa imyaka 20 ; 10 bacirirwa gupfungwa imyaka 10 ; 2 bacirirwa umunyororo w'imyaka 5 ; 2 bararekurwa. Urwo rubanza rwasize ubwoba n'imvune idasanzwe mu Barundi benshi cane cane mu Bahutu bari barize amashure. Umwe wese yibaza igihe azoshikirwa.

- l) Ikimenyetso ca 12. Urubanza rwitiriwe Jérôme Ntungumburanye. Bukeye gato, haciye havugwa uwundi mugambi wo gutembagaza ubutegetsi bwa Micombero. Uwo mugambi Reta ya Micombero yavuze ko wateguwe n'Abatutsi b'Abanyaruguru : ivyo abakurambere canke ibitabo bimwe bita « Urubanza rwa Jérôme Ntungumburanye ».

Abacamanza bashinzwe urubanza rw'abo Batutsi b'Abanyaruguru barabonye ko atakibagira ; Reta ya Micombero ica ikura Nduwayo Léonard, Umushikirazamanza wa Republika, asubirirwa na Bernard Kayibigi. Haciye hasasa urubanza rushasha ; bamwe muri abo Batutsi bacirirwa urubanza rwo gupfa ; ariko Micombero yaciye abagirira ikigongwe mu kugabanya ibihano ; abandi baca bararekurwa. Kuva ico gihe, mu Barundi benshi, cane cane mu Bahutu, haciye havugwa ko Abahutu n'Abatutsi batangana imbere y'Ubutungane, bimwe bita « deux poids deux mesures » mu kinyamazuru.

- m) Ikimenyetso ca 13 ari co ca nyuma mu vyo twashimye kubashikiriza. Ububeshi mu burongozi bw'igihugu bwateye indyane n'umudugararo mu gihugu mu 1972.

Imbere yuko Ntare wa gatanu agandagurwa kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972, ubutegetsi bwa Prezida Michel Micombero bwamwagirije ko azanye abacangero gutembagaza inzego z'igihugu. Mu bubeshi n'ikinyoma kidasanzwe, Karoli Ndizeye yakuwe i Kampala ku nguvu ; bamwinjiza indege kw'itariki 30 mars 1972. Haheze imisi ubutegetsi bwaciye buvugira kw'iradiyo y'igihugu ko Karoli Ndizeye ari kumwe n'abateye mu Rumonge na Nyanza-Lac. Ikinyoma n'ububeshi bw'inzego z'igihugu vyari bipfunditse ku buryo uwahoze ari umwami Ntare wa gatanu atari kurusimba. I Gitega, harabayeye ingendo mu gisagara zo kwiyamiriza Karoli Ndizeye kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972. Kuri uwo musi nyene ntiyaraye, uwahoze ari Umwami w'Uburundi yaciye asogotwa mw'ikambi y'i Gitega. Kuva uwo mugoroba wa 29 Ndamukiza 1972, guhagarika Abahutu bicwa vyaciye bitangura mu gihugu cose. Abasirikare n'abajandarume b'Abahutu bishwe mu bambere mu gihugu cose.

Ubwo bubeshi bwarakomeye gushika aho intwari ya Micombero ivuga kw'iradiyo y'igihugu ko hateye aba « Mayi Mulele » 25.000 bahanganye n'igisirikare c'igihugu kigizwe n'abasoda 3.500.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru W'Inama Nkenguzamateka,

Ivyabaye mu Burundi mu 1972-1973 ntawobidonda vyose.

Ikigaragara ni uko ivyabaye vyose vyateguwe n'inzego z'igihugu ; kuko mu guhagarika no kwica abantu mu gihugu cose hakoreshejwe inzego n'ibikoresho vy'igihugu.

Abarundi benshi barakurikira ibikorwa vy'Umurwi CVR mu gihugu. Abanyamahanga, cane cane abaserukira ibihugu n'amashirahamwe mpuzamakungu mu Burundi, bese barakurikira ukuri Umurwi CVR uriko urereka Abarundi n'amakungu.

Abarundi benshi, cane cane ababuze ababo mu 1972-1973, uyu musu babaza bati : uyu musu habuze iki ngo ivyabaye mu 1972-1973 vyitwe izina ? Uyu musu ntakibuze. Ivyaha vy'agahomerabunwa vyarakozwe mu Burundi. Uyu musu Abarundi twese dukwiye kumurikira ukuri turaba ico amabwirizwa y'igihugu n'amategeko mpuzamakungu avuga. Ng'izi insiguro nkuru dushimikirako mu rugendo twinjijemwo rwo kwita izina ivyaha vyakozwe mu Burundi mu 1972-1973.

Insiguro ya 1. Kwita izina ivyabaye mu 1972-1973 ni ugusigura mu majambo yumvikana y'imvugo y'amategeko werekana ibibi vyakozwe n'ingene amategeko atandukanya ivyaha vyakozwe.

Insiguro ya 2. Imbere yo guha izina ivyaha vy'agahomerabunwa vyabaye mu Burundi, Umurwi CVR waritonze urasoma neza ububasha uhabwa n'ibwirizwa riwugenga cane cane ingingo ya 6 ; wongera uriweza umwimbu w'ibikorwa ugezeko.

Insiguro ya 3. Turavye ivyo tumaze gutohoza mu ntara tumaze gukoreramwo, Umurwi CVR urerekana kandi ugatomora ihonyangwa ritandukanye ry'agateka ka zina muntu ryabaye mu Burundi mu 1972-1973. Iyo ngendo y'ubuhinga ni yo idufasha kumenya neza ko ubwicanyi bwahitanye Abarundi isinzi ari ubwicanyi buhanwa n'amategeko mpuzamakungu canke ihonyangwa rikaze gusa ry'agateka ka zina muntu.

Insiguro ya 4. Umurwi CVR warasomye, urihweza wongera uranoganza amategeko uraba ko ibibi vyakozwe mu Burundi harico bipfana n'amategeko Uburundi bwemeje ahana icaha c'ihonyabwoko ; ivyaha bikorerwa kiremwa muntu n'amategeko ahana ivyaha bikorwa mu gihe c'intambara. Gusuzuma no gukora urutonde rw'ibibi vyakorewe abishwe agashinyaguro, no kudoma urutoke ku mategeko ahana ivyo vyaha bidasanze kandi vyahitanye abantu ikivuga, yabaye ingendo ya mbere Umurwi CVR wisunze imbere yo kwita izina ivyabaye mu 1972-1973. Kwita izina ivyaha vyakozwe mu Burundi, munkundire tuvuye « Qualification juridique des crimes commis au Burundi en 1972-1973 » mu kinyamazuru.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

None habaye iki mu Burundi mu 1972-1973 ?

Inyishu ya mbere itangwa n'amatohoza Umurwi CVR umaze gukora mu gihugu.

Mu myaka itatu irangiye (2019, 2020 na 2021), Umurwi CVR warumvirije Abarundi bashika 955. Bafise imyaka iri hagati ya 60 na 94. Umurwi wumvirije abagabo n'abakenyezi bava mu bwoko bwose kandi bakora ubuzi butandukanye.

Ivyo Umurwi CVR umaze gutora gushika uno musu vyerekana ko inzego z'igihugu nk'Umukuru w'igihugu w'ico gihe Michel Micombero, Igisirikare, abarongoye intwari mu gihugu, Ipererza, Umugambwe UPRONA, umuhari JRR, Ubucamanza bafise uruhara rugaragara mu guhagarika no kwica

abantu mu 1972-1973. Ubwo bwicanyi bwahiga cane cane Abarundi bava mu bwoko bw'Abahutu bize canke bafise ubuzima bwisununuye.

Inyishu ya kabiri itangwa n'inyandiko/Archives Umurwi CVR umaze kwegeranya no gusoma.

Umurwi CVR waregeranije inyandiko zihambaye. Izo nyandiko twaronse zirerekana ububeshi budasanzwe bwakorewe Abahutu, inkinamico z'imanza zataye mu binogo rusangi Abahutu isinzi ; n'ingene abishwe bahohotewe ku mutima no ku mubiri imbere yo kwicwa.

Abaserukira Ubutungane cane cane abashikirizamanza ba Republika n'aba OPJ baradodobereje birenze Abarundi benshi ; bakandika ivyegeranyo kubicwa ataco bipfana n'ivyo bakoze. Umurwi CVR warakoze amatohoza yerekana ko atamanza zaciwe. Ikimenyamenya ni urubanza rw'igenekerezo rya 6 mai 1972 rwa Sentare ya Gisirikare ya Bujumbura yitwa ko yaciriye urwo gupfa Abahutu amajana n'amajana. Uwitwa ko ari umwanditsi w'urwo rubanza kandi akiriho, Kabunda Grégoire, yabwiye Umurwi CVR ko iyo Sentare atigeze ayibona isasa.

Twibutse Abarundi ko iyo Sentare/Conseil de guerre y'i Bujumbura yari igizwe na Commandant Nimubona Alexis (Umukuru w'iyi Sentare) ; abacamanza Capitaine Jean Baptiste Bagaza, Sous-Lieutenant Karoli Kazatsa ; Umucamanza Bernard Kayibigi n'Umwanditsi Kabunda Grégoire.

Sentare/Conseil de guerre yari igizwe na Capitaine Ntabiraho Onesphore (Umukuru wayo) ; abacamanza Sous-Lieutenant Ntacomaze Jeremie ; Sous-Lieutenant Cishahayo Gérard ; n'umucamanza Nyankiye Adrien.

Umushikirazamanza Mukuru wa Republika Philippe Minani yarasohoye urwandiko yiyamiriza ko atigeze abona urutonde rw'abaciriwe urubanza rwo gupfa. Mu majambo make, iyo Sentare ya Gisirikare yaciriye urubanza abamaze kwicwa.

Inyishu ya gatatu itangwa n'ibisigarira Umurwi CVR watoye mu binogo rusangi vyatawemwo abagandaguwe.

Ibinogo bimaze gutorwa mu gihugu biri mu bimenyetso ntaharirizwa vyemeza ko ubutegetsu bwa Micombero bwateguye bukongera bugashira mu ngiro ubwicanyi bwahiga cane cane Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu mu gihugu cose. Umurwi CVR warafuruye ibinogo rusangi 691 ; muri vyo, ibinogo 190 vyavuyemwo ibisigarira vy'abantu benshi.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Birakwiye ko Abarundi bamenya ko ibinogo rusangi vyinshi twabitoye ahahora ibiro vy'amakomine ya kera : aho ni nk'i Muramvya, i Vumbi mu Kirundo, i Matana muri Bururi, i Gikuzi muri Makamba, i Makamba muri Rusaka mu Ntara ya Mwaro. Ahari ibiro vya Komine hari n'ibohero. Abafashwe batabwa mw'ibohero ku murango ; mw'ijoro bakicwa bagatabwa mu binogo rusangi vyimbwe hafi y'ibohero.

Ivyo binogo biri hafi y'ibiro vya Komine nivyo vyagiriza ubwa mbere abari barongoye intwaro. Mu Makomine amwe nka Bisoro ubu yitwa Gisozi, ibinogo rusangi vyateguwe kera. Amakuru nk'aya CVR yayahawe n'Abanyamwano ; aho badomako urutokye Musitanteri wa Bisoro w'ico gihe, NTAGWARARA Antoine. Ibi vyarabaye kandi muri Zone Mwakiro i Muyinga : ibinogo vyaho vyimbwe n'abanyagihugu mu 1970. Amategeko yo kwimba ivyo binogo birebire bikiboneka mw'ishamba cimeza rya Ruvubu yatangwa ya Bulamatari Yohani Barahinduka, Musitanteri Rucumuhimba Laburenti. Abo bategetsu babiri babwira abenegihugu ko hazobera imyimenyerezo ya gisirikare. Mu Bisoro i Gisozi, ibinogo vya mbere bimaze kwuzura, abafatwa ni bo biyimbira ku mutaga ibinogo bahava batabwamwo mw'ijoro.

Inyishu ya kane itangwa n'amatohoza Umurwi CVR wakoze mu Ntara zo mu bumanuko bw'igihugu : Mbega hari ibinogo rusangi vyatawemwo Abatutsi baganndaguwe mu 1972 ?

Ico kibazo carabajijwe n'Abarundi bamwe bamwe. Umurwi CVR waregereye uwahoze ari Musitanteri wa Komine Vugizo, Nyawakira Antoine na Nduwingoma Samuel, yari Bulamatari w'umusirikare wa Bururi. Abo bategetsu uko ari babiri babwiye CVR bati : ubutegetsu bwa Micombero bwarafashije abatutsi bishwe mu karere k'ubumanuko bose barahambanwa iteka.

Ikinogo kimwe kirimwo umuryango w'Abatutsi Umurwi CVR umaze kumenya kiri i Buruhukiro mu Rumonge ; kirimwo abantu batanu. Uwacitse kw'icumu, Hicintuka Emile, yaravuganye n'Umurwi CVR. Uwo Hicintuka yasavye Umurwi CVR ko twotenyenya gutegura ico kinogo rusangi umuryango wiwe udaca ufubana iteka abiwe buno nyene.

Ikindi Umurwi CVR wamaze gutohoza ni uko aba JRR bavuye i Bujumbura bagiye gufasha gufubana iteka imiryango y'Abatutsi yari yagandaguwe cane cane ku nkengera z'ikiyaga Tanganyika. Abo ba JRR bunguruzwa n'imiduga ya gisirikare.

Inyishu ya gatanu itangwa n'ibisigarira vy'amagufa vyatowe mu binogo rusangi

Abarundi benshi barakurikiye amakuru y'ibisigarira vyatowe mu binogo rusangi. Hari abo vyateye ubwoba ; abandi bibatera agahinda n'ibibazo. Mu binogo 692 Umurwi CVR umaze gufufura mu gihugu, twamaze kubamenyesha ko ibisigarira vy'abagandaguwe vyatowe mu binogo 190. Muri ivyo binogo, Umurwi CVR waharuyemwo ibisigarira vy'abishwe 19.897. Ariko hari amagufa menshi yamaze gucika ifu ; abandi basangukiye ku misozi ; abandi batawe mu nzuzi.

I Gitega, twaratoye inyandiko zo mu nzego z'Ubutungane aho abacamanza/Officiers du Ministère public baha urupapuro rw'umuntu yapfuye (attestation de décès) umuntu ahagaze imbere yabo. Inyandiko nk'izo Umurwi CVR warashoboye kuzegeranya.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Amatohoza Umurwi CVR umaze gukora yarashize ahabona amabi menshi yakorewe Abarundi bwo mu bwoko bw'Abahutu mu gihugu cose.

a) Amabi ya mbere : Abahutu baragandaguwe ku bwinshi mu 1972-1973.

Kwica urwaruka vyarerekanye umugambi wo guhonya Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu.

Ku mashure atandukanye, harabonetse intonde zikoreshwa mu guhagarika abanyeshure. Imiduga ya gisirikare yaca itonda kw'irembo gushomba abanyeshure bahagaritswe n'abasirikare canke aba OPJ. Abanyeshure b'Abahutu bahamagawe baca burira ikamyo y'igisoda ; bakaryama kunda ; abandi bakabaryamako gushika aho abanyeshure baryamye musi bicwa no kubura impwemu.

Kw'ishure ry'Inderabigisha ya Kiremba i Bururi, icabona cabwiye Umurwi CVR ingene batwaye kwica abanyeshure b'Abahutu. Icabona cavuze kiti : « Ivyabaye i Kiremba vyari biteye agahinda. Abanyeshure babonye abasirikare benshi barungitswe na Commandant w'ikambi y'i Bururi. Ishure yose yari ikikijwe n'abasirikare. Nta rembo na rimwe ritarike abasirikare ».

Kw'ishure y'intango yo mu Rutovu, i Mutangaro, hoho habaye ibisigabwenge nk'uko twamaze kubibabwira.

b) Amabi ya kabiri : Ingene abakozi ba Reta bahagarikwa imbere yo kwicwa.

Hari abakozi ba Reta bafatirwa ku kazi. Abafashwe ubwa mbere bari abafise amabanga akomeye kandi bize. Hari abafatirwa muhira, kw'isoko, kw'isengeru. Abafatwa barakubagurwa ; bagatotezwa imbere y'abana n'umuryango basize.

c) Amabi ya gatatu yakorewe Abahutu mu 1972-1973

Abahutu bafatwa bose barakubaguwe ku mubiri no ku mutima. Vyose vyakozwe n'abaserukira inzego z'igihugu canke abahagarikiwe n'inzego z'igihugu.

Mu 1972-1973, amategeko mpuzamakungu yerekeye agateka ka zina muntu yarahonyanzwe cane mu Burundi.

Mu 1972, abantu barahagarikwa bagatwagwa nk'ibikoko. Mu bibanza begeranirijwemwo, mw'ibohero n'ingene bicwa, gushika batabwe mu binogo rusangi, mu nzuzi, mu mashamba, hose haranzwe no gutoteza agateka ka kiremwa muntu. Hariho n'abishwe baturawe mu ntara zimwe zimwe nka Mwaro na Rumonge.

Amatohoza y'Umurwi CVR aremeza ko Abahutu bishwe mu 1972-1973 bicwa mu buryo bwinshi :

- Hari abicwa n'inkoho ;
- Hari abicwa n'ivyuma bisongoye/barres de fer ;

- Hari abicwa n'izuba baboshe hanze ;
- Hari abicwa n'inzara ;
- Hari abicwa n'umuduga ushinzwe guhonyanga abaryamye hasi. Ibi vyarabaye cane mw'ibohero rya Mpimba. Umurwi CVR wabibwiwe n'uwacitse kw'icumu.
- Hari abicwa n'imigano isongoye yavuye mu Mugamba. Bamwe babacumita imigano mu bihimba vy'epfo igaserukira mu kanwa.
- Hari abo bata mu binogo rusangi bagihema. Ivyo twabisanze cane ku Ruvubu no mu binogo twatoye mu Ntara ya Gitega, muri Komine Giheta. Ahandi vyabaye ni mu Rumonge, aho imashini Caterpillar yaca isuka ibivu ku bantu bagihema.
- Hari n'abicwa n'imipanga.
- Hari abishwe bacumiswe ibikwashu ku bihimba vy'irondoka.
- Mu Ntara ya Makamba, umuvyeyi w'abana yatawe mu kinogo abona agerageza gukingira abana biwe batawe mu kinogo bakanura. Ivyo vyabaye muri Komine Mabanda, hafi y'ishengero ya Pentecôte ya Kayogoro. Mu kwica uyo muvyeyi, umusirikare yamubajije ati : « Cagura hagati ya wewe n'abana bawe uwujya musu ». Nyina w'abana yashimye gupfa apfutse abana. Umusi Umurwi CVR ufurura ico kinogo rusangi, ni ko twasanze bimeze. Uwo mwana yasigaye ubu arubatse ; ni ubu aracarira. Umurwi CVR warumufashe amajwi.
- Gutemagura abantu bamaze gupfa. Aya makuru twayakuye muri Komine Bwambarangwe, mu Kirundo. Aho hantu hakorera cane abo muri UPRONA no mu muhari wa JRR. Habonetse cane abagabo, abagore n'abana bafise ibice vy'umubiri bihimbaguye, biyerera mu ruzi Kagera. Ivyo vyabonetse cane mu kwezi kwa gatatu 1973. Ababa hafi barashoboye guharura ibiziga birenga 48 ku musu umwe.
- Hari abishwe bamanitswe. Mu cegeranyo gishikirijwe Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka, Umurwi CVR uratanga ivyabona ; ukongera ukadoma urutoke abakunda kubikora n'aho vyabereye.
- Muri Butihinda hatwarwa na Musitanteri Ndisabiye Jacques. Iyo Komine yabonye amahano menshi : bamwe baraswa baboshe batanze ku murongo ; abandi bicwa n'inkoni. Abandi yabasaba gukubitana ; akababesha ko uwica mugenzi we aca arekurwa. Abandi akabagumiza ku zuba baryamye bagaramye baraba izuba gushika bapfe. Izo nkuru twazihawe n'Abahutu n'Abatutsi bo muri Komine Butihinda.

- Inyundo mw'ibohero rya Gitega yakoreshejwe cane mu kwica Abahutu bapfunzwe. Umurwi CVR urafise amajwi n'amasamu y'umupfungwa yemanze ko yica ku musu hagati y'Abahutu 100 n'120.
- Kwica no gutoteza umuntu gushika aho aturika inda. Urwo ni rwo rupfu rwashikiye Umupfasoni Pascaziya Kanyaruguru mu 1972. Umugabo wiwe yahora ari Umushikirananganji w'Imigambi ya Reta, Ikigega ca Reta n'Ubutunzi yagandaguwe mu 1969 n'ubutegetsu bwa Micombero. Mu 1972, Pascaziya Kanyaruguru yarafashwe ; bati tubwire ivyerekeye imirwi y'abarwanya igihugu urimwo. Nawe ababwira ati ivyo bintu ntavyo nzi. Abariko baramutoteza baca bamushira ku gikiriza icuma kiremereye ; bamuboha mu ntege no ku maboko ; amaraso ntiyasubira gutembera. Haheze umwanya muto, Pasikaziya Kanyaruguru yaciye aturika. Ubuzima bwiwe bwaheze uko.
- Kurisha umuntu ku nguvu ibihimba vy'umubiri wiwe. Ivyo twabitohoje i Gitega.
- Kubuza ababuze kurira, kuririra ababo, kugandara no kuganduka. Ivyo vyabaye mu gihugu cose. Inkurikizi y'ibi ni mbi cane ku gihugu no ku miryango yabuze.
- Kunyaga amazu y'umuryango abapfakazi n'impfuyi. Ibi vyashikiye abapfakazi benshi mu gihugu. Mu Ngagara, umututsikazi yitwa Germaine Nahimana yarabwiye Umurwi CVR amagorwa yacyemwo mu 1972. Inzu yiwe yo mu Ngagara yaciye igurishwa ; arabura aho aba ; arakena ; arabura umwana ; biramunanira kumuhambisha kuko na basaza biwe b'Abatutsi baciye bamuheba kumuraba. Germaine Nahimana yari yubakanye n'Umuhutu nk'uko mwavyiboneye muri ya reresi twabereka mu ntango y'iyi nama.

d) Amabi ya gatanu yakorewe abakenyezi n'abakobwa mu 1972

Mu gihugu cose, abakenyezi n'abakobwa benshi baratotejwe. Hari abafatwa ku nguvu ; hari abasamye inda batipfuzwa ; hari abinjiriwe ku nguvu ; hari abashahuwe ; hari abagizwe abaja mu vyo guhuza ibitsina. Abandi bakenyezi barakoreshejwe ku nguvu ivyo kudandaza imibiri yabo. Hari n'abakenyezi canke abigeme batasubiriye gusama kubera bambuwe ubuntu bwabo, baca barahamuka.

- Abakobwa batari bake baratwaye inda ku nguvu. Muri Komine Vugizo, mu Ntara ya Makamba, hari abakobwa batewe inda n'abagabo birigwa hamwe mu nama zitwa « vigilance ». Izi nkuru z'i Vugizo Umurwi CVR urazifitiye ivyemezo.
- Mu Ntara ya Gitega, abanyeshure b'Abahutukazi barahagaritswe. Imbere yo kubica babanza kubasambanya ku nguvu. Inkuru zitomoye nk'izi CVR yazikuye ku bahoze bapfungiwe mw'ibohero rya Gitega, bakoreshejwe mu kwica Abahutu bapfunzwe. Mubafata ku nguvu abakenyezi n'abakobwa, haravuzwe cane abategetsu bamwe bamwe, abapolisi na Bamusitanteri. Hariho n'abapfakazi binjiriwe ku nguvu n'abagabo ; kandi abo bagabo ari bo bishe abanega babo.

g) Amabi ya gatandatu : Mu Rumonge, hari Abahutu bakoreshejwe mu mirima nk'abaja, ico twita « esclavage » mu kinyamazuru.

Abantu barishwe mu Rumonge ; benshi baca banyagwa amatongo n'imirima yabo y'ibigazi, imyumbati n'ikawa. Abategetsi banyaze ayo matongo baciye bamanukana mu Rumonge Abahutu bakoresha ku nguvu batabahemba.

Umurwi CVR warabajije ico kibazo uwitwa Bijeje Yohani aheruka kwitaba Imana kandi yaravyemanze. Abandi bavuzwe mu kwigarurira amatongo no gukoresha Abahutu batabahemba ni Albert Shibura, Samuel Nduwingoma, Damas Nyambere, André Gakiko, Pierre Baranyanka, Sylvère Sota, Léonidas Bangerezako. Izo nkuru zose Umurwi CVR wazihawe n'abanyagihugu b'i Matana no mu Rumonge.

g) Amabi y'indwi yazingamitse igihugu mu 1972 : Ubutungane bwaragoswe.

- Amatohoza Umurwi CVR wakoze n'inyandiko zo mu butungane twashoboye kwegeranya vyerekana ko abacamanza b'i Gitega n'i Bujumbura bagiriza bimwe Abahutu bitwa Abamenja. Abo Bahutu bagirizwa guhungabanya umutekano w'igihugu ; kwanka no kwankiriza abo badasangiye ubwoko ; no kuba binjiye mu mirwi igwanya Reta.
- Abahutu b'i Buhinyuza mu Ntara ya Muyinga barishwe bagirizwa ngo bavuye mu nama zo kwica Abatutsi i Vyanda mu Ntara ya Bururi. Musitanteri Rucumuhimba Laurenti ari kumwe n'abategetsi bavuye i Bujumbura yabagirije ko hari n'igipapuro bashize ko umukono. I Gitega, hari Abahutu bazize ngo banyurujwe itunga ry'igihugu kandi ata cemezo na kimwe beretse abo bafashwe.
- Mu majambo make, abapfunzwe ntibaburanye ; kandi ntibari bafise uburenganzira bwo kurondera umushikirizamanza ababuranira. Mu butungane habaye ububeshi bwinshi bwahekuye imiryango ; abantu baraciriwe imanza zo gupfa batumvirijwe. Imanza nazo zitwa ko zaciwe zakurikijwe zitamenyeshejwe abo zega. N'abo bita ko bumvirijwe wasanga inyandiko zose ziri mu gifaransa.

Amabi nka yose yasatse inganda yabaye hagati y'Abashikirizamanza ba Republika, abarongoye intwari n'abarongoye amabohero. Mu buraruko bw'igihugu, i Ngozi n'i Muyinga, inyandiko nyinshi zasaba Sentare ya Gisirikare guhana bikomeye Abahutu ziriko umukono w'umushingwamanza Déo Ntavyo.

- Mu 1972-1973, nta ngingo n'imwe yogukingira ubuzimwa bwa kiremwa muntu, cane cane Abahutu, yakora mu Burundi. Umukuru w'igihugu Michel Micombero n'abakorana nawe barabaye Sindabibazwa ; hanyuma inganda ziratikira. Imiryango yarabuze ayo icira n'ayo imira kuko inzego zishinzwe gukingira igihugu nizo zagiyeye imbere mu gutoteza abanyagihugu.

Prezida Micombero yaramaze amezi atwara igihugu adafise Reta kandi adafise n'Inama Nshingamateka.

h) Amabi ajanye no kuvangura amoko mu buzima bw'igihugu

- Amatohoza Umurwi CVR wagize yerekana ko amacakuru y'amoko yakomeye cane kuva Ababiligi bashitse gutwara Uburundi. Mu 1965, Abahutu bize barakuwe mu mabanga ; abandi baricwa bagirizwa umugambi wo gutembagaza inzego z'igihugu. Mu 1966 niho Capitaine Michel Micombero yabogozwa intwari ya Cami. Mu 1969, abandi Bahutu baraciriwe urubanza rwo gupfa bagirizwa kandi ivyo gutembagaza ubutegets. Ibara ridasanzwe ryaguye mu 1972, umwaka Uburundi bwabuze abanyagihugu isinzi cane bo mu bwoko bw'Abahutu.
- Ivyo vyaha vyakorewe Abahutu vyarageragejwe kuzimanganywa, kunyegezwa no guhakanwa n'abari ku butegets. Ico gihe uwagerageza kuvuga wese yarazibagizwa. Harabaye n'ingendo igayitse yo kwubaka inyubakwa zihambaye ahari ibinogo rusangi kugira ngo babinyegeze.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Birakwiye ko twibutsa ko hari Abatutsi biciwe mu Rumonge, i Nyanza-Lac no mu bindi bice vy'inkengera y'ikiyaga Tanganyika. Amatohoza Umurwi CVR wagize mu bumanuko bw'igihugu yemeza ko abateye abanyagihugu b'ako karere ata nkoho bari bafise ; ivyabona vyose twumvirije bivuga ko bakoresha imipanga mu kwica. Aho mu Rumonge, haravuzwe cane abakozi ba Reta bahiciwe : Isidore Zidona, Muganga Simbiyara yari arongoye ibitaro vy'i Bururi, Karenzo, umukuru wa Sentare Nkuru ya Bururi ; Domitien Rungarunga yari Umunyamabanga w'umugambwe Uprona mu ntara ya Bururi ; n'abandi. Mu gisagara ca Bujumbura, haravuzwe cane Capitaine Kinyomvyi Dodolin Rock yari ashinzwe umutekano w'Umukuru w'igihugu. Nawe yagandaguwe ku mugoroba wa 29 Ndamukiza 1972. Ivyerekeye urupfu rw'uwo musirikare birimwo igipfungu kinini.

Iyindi Ntara yabuze Abatutsi n'Abahutu naho Umurwi CVR utarahakorera ni Ngozi. Amakuru tumaze kuronka yatanze n'ivyabona vyubashwe kandi bikuze yemeza ko i Ngozi hagandaguwe Abahutu n'Abatutsi kuko Bulamatari Joseph Bizozza yavugaga ko ata Batutsi baba i Ngozi.

Muri Komine Vyanda, haravuzwe Abatutsi bagandaguwe n'amazu menshi yaturwe n'abo bariko bica abamanuka biganjemwo Abatutsi.

Igiteye amakenga muri ivyo vyose, ni uko uwari ararongoye ikambi ya Bururi yagerageje kuzana abasirikare ngo baze gutabara, inzego zo kwivuna abansi zari zimuzejwe zimubiza inyuma. Garde Républicaine ya Micombero yaje gukorera muri ako karere yahashitse inyuma y'imisi itatu ubwicanyi bwatanguye.

Mu Ntara ya Muramvya, muri Arrondissement ya Mwaro, Umurwi CVR wararonse imiryango y'Abatwa yemeza ko yiciwe ababo muri Komine Ndava na Rusaka. Abo Batwa bazize ibicumuro bibiri : Abatutsi babahoye ko bazi gucura amacumu ngo yokwica Abatutsi. Barazize kandi ko bafise ubuzima bwisununuye : muri bo harimwo abafise inzu zisakaje amabati ; abandi bazira ko bazi gusoma ikinyamakuru Ndongozi, abandi bazira ko bari batunze inka.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Ivyo duhejeje kudondagura birerekana ko ivyaha mpuzamakungu vyakozwe mu Burundi mu 1972-1973. Nico gituma Umurwi CVR wihatiye kwiga no gusuzuma ko ivyaha vyakozwe mu gihugu ataco bipfana n'ivyaha vy'ihonyabwoko (Crimes de génocide), ivyaha bikorerwa kiremwa muntu (Crimes contre l'humanité) n'ivyaha bikorwa mu ngwano (Crimes de guerre).

None icaha c'ihonyabwoko kivugwa ryari ? Nico kibazo ca mbere Umurwi CVR wishura uno musu.

Icaha c'ihonyabwoko kirangwa ni ibi bikurikira :

- Kwica canke kuzimanganya wyateguwe umurwi w'abantu wose, canke igice c'uko murwi ukingiwe n'amategeko mpuzamakungu. Uwo murwi ushobora kuba ari uw'abantu basangiye ubwoko, igihugu, idini canke umuryango.
- Mu mategeko mpuzamakungu, icaha c'ihonyabwoko gisigurwa neza n'Amasezerano mpuzamakungu akinga akongera agahana icaha c'ihonyabwoko ryo kw'igenekerezo rya 9 Kigarama 1948.
- Ivyaha vy'ihonyabwoko birangwa n'integuro n'ivyiyumviro vyerekana agatima ko guhonya umurwi w'abantu ; ico bita « Intention génocidaire » mu kinyamazuru. Ni ukuvuga umugambi wo kwica canke wo kuzimanganya umurwi canke igice c'umurwi w'abantu basanzwe bakingiwe n'amategeko.
- Icaha c'ihonyabwoko citwa kandi icaha gisasika inganda nyinshi (Crime de masse). Bisigura ko habonetse igitigiri cikwiye (une partie substantielle) c'abishwe muri wa murwi uronderwa, bica vyitwa icaha c'ihonyabwoko.

Ico gutegera ngaha ni uko amategeko y'igihugu n'amasezerano mpuzamakungu Uburundi bwemeje vyerekana ko ayo mategeko yose akingira abantu canke imirwi y'abantu iyo bagandaguwe bitera ingorane isi yose. Abagandaguwe barinda kuba benshi ; ariko biboneka ko ari benshi cane mu murwi w'abaronderwa ku buryo bihungabanya kazoza k'abo baturuka mu murwi watotejwe.

- Abahinga mu mategeko bavuze bati : igitigiri cikwiye/« Partie substantielle », baba bashaka kuvuga ibintu bibiri : ubwa mbere, bisigura igitigiri giteye ubwoba c'abagandaguwe vyateguwe

(Plusieurs victimes ciblées en tant que membres d'un groupe protégé). Ni ukuvuga kwica « igice » c'umurwi w'abantu bakingiwe n'amategeko. Mu murwi CVR, ku bwicanyi bwabaye mu 1972-1973, uyu musu uri hejuru tugeze ku bisigarira vy'abaganduwe 19.897 bavuye mu binogo tumaze kumenya mu gihugu. Iki bacita mu vyerekeye amategeko « critère quantitatif » ; n'ukuvuga ibitigiri (hagandaguwe bangahe ?).

- Iyo nsiguro yerekeye ibitigiri (critère quantitatif) ntikora yo nyene. Igendana n'insiguro yindi/ « critère qualitatif » ; ni ukuvuga abagandaguwe bari bamariye iki umurwi bavamwo, imiryango, igihugu. Mu yandi majambo ni akamaro n'ikibanza bari bafise mu murwi baturukamwo. Mu 1972-1973, mu Burundi hagandaguwe cane cane Abahutu bize n'abari bafise ubuzima bwisununuye ; canke biboneka ko bariko barategura ubuzima kugira batere imbere, bongere bateze imbere umurwi baturukamwo n'igihugu cabibarutse.
- Kw'isi yose, kurwanya ivyaha vy'ihonyabwoko ni urugamba rw'ibihugu vyose ; kandi urwo rugamba ruraraba n'ibihugu bitarashira umukono ku Masezerano mpuzamakungu akinga akongera agahana icaha c'ihonyabwoko. Mu Burundi, twarateye intambwe ishimishije : ingingo ya 197 y'Igitabo c'Amategeko Mpanavyaha co mu 2017 yarinjije mu mategeko ingingo ya 2 y'Amasezerano ahana icaha c'ihonyabwoko. Kubera ivyo, ivyaha vy'ihonyabwoko vyoba vyarakozwe mu 1972 bikurikirwa hakurikijwe amategeko y'igihugu, ariko cane cane hakurikijwe amategeko mpuzamakungu.

Ibwirizwa Shingiro ry'Uburundi (mu ngingo yayo ya 19 n'ya 41) riratanga umuco ukwiye kuvyerekeye ingene amategeko mpuzamakungu Uburundi bwamaze kwemeza ashirwa mu ngiro. Nico gituma ivyaha bihanwa n'amategeko mpuzamakungu nk'ivyaha vy'ihonyabwoko, ivyaha bikorwa mu bihe vy'ingwano n'ivyaha vyose vy'agahomerabunwa bikorerwa kiremwa muntu ; n'amategeko y'Uburundi arabikurikirana.

Mu majambo atomoye, mu Burundi turafise amategeko yanditse (cane cane Igitabo c'Amategeko Mpanavyaha) n'amasezerano mpuzamakungu adufasha gukurikirana no guhana ivyaha vy'ihonyabwoko, ivyaha bikorerwa abantu mu bihe vy'intambara n'ivyaha vyose vy'agahomerabunwa bishobora gukorerwa ikiremwa muntu mu gihugu cacu.

Ivyaha vyakorewe Abarundi bagandaguwe mu Burundi mu 1972-1973 vyoshobora kwitwa ivyaha vy'ihonyabwoko ?

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka y'Uburundi,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka y'Uburundi,

Umurwi CVR wamaze kwerekana ko abagandaguwe benshi mu Burundi bava mu bwoko bw'Abahutu. Mu Burundi, Ibwirizwa Shingiro dufise na kahise twacyemwo vyose biremeza ko Abahutu, Abatutsi n'Abatwa ari imirwi y'ubwoko bw'Abarundi bakingiwe n'amategeko (groupes protégés par la loi).

Igisigaye ni kimwe : ni ukwerekana ko abagandaguye Abarundi mu 1972-1973 bari bafise umugambi biyumviriye (intention génocidaire) wo kuzimanganya ubuzima bw'igice c'umurwi w'Abarundi canke uwo murwi w'Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu. Mu gutohoza neza ko uwo mugambi wo kuzimanganya igice c'umurwi canke umurwi wose w'Abarundi, Umurwi CVR warumvirije bamwe mu babikoze bakiriho kandi bavyemeye ; Umurwi CVR warihweje ivyo bakoze ; ivyo bavuga ; politike y'igihugu y'ico gihe ; n'ingene ivyaha vyateguwe mu gihugu cose.

Umurwi CVR wararonse ivyemezo vy'amajwi n'inyandiko zivuye mu nzego za Reta vyerekana ko umugambi wo kugandagura Abahutu wateguwe. Ibimenyetso bikuru bikuru vy'iyi nteguro tubisanga mu ngingo za politike, mu ngingo zerekeye intwari, mu ngingo zerekeye amateguko n'ubutungane zafashwe n'Umukuru w'igihugu Michel Micombero.

a) Ivyerekana ko umugambi wo kugandagura Abarundi wateguwe/ l'intention génocidaire

Amatohoza y'Umurwi CVR yerekanye mu ntara zose ko Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu bagandaguye kandi bagakorerwa ivyaha vy'agahomerabunwa. Ivyo vyaha vyaranzwe n'ibi bikurikira :

- Abagandaguye ni benshi cane mu gihugu kandi bagandaguye bunyamaswa. Abaronderwa kwicwa bava mu murwi w'Abarundi uzwi n'abateguye ubwicanyi ; abica ntibaraba imyaka canke igitsina ; n'abana baragandaguye ; vyarabonetse mu gihugu cose ko vyari vyateguwe n'ingene bizogenda.
- Ivyaha vyakorewe Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu birafise ivyemezo bimwe biva mubabikoze bamaze kuvyemanga imbere y'Umurwi CVR, ibindi biva mu bicanyi batandukanye bemera ivyo bakoze bakongerako n'ababatuma. Ibindi bimenyetso bikaba ibinogo rusangi n'ibisigarira vy'abagandaguye Umurwi CVR umaze kwegeranya. Mu ntara zimwe zimwe, ibinogo rusangi vyimbwe ku buhinga budasanzwe kugira vyorohe gusukayo abagandaguye benshi.
- Abakozi ba Reta bava mu bwoko bw'Abahutu barahizwe mu gihugu cose. Abize canke bafise ubutunzi buboneka, abanyeshure bo muri Kaminuza na ENS/Ishure Kaminuza Nderabigisha, abanyeshure bo mu mashure yisumbuye n'ay'intango baragandaguye. Aha naho hari umugani wakoze : « uwanka agakura aniga umutavu ».
- Mu bagandaguye mu 1972-1973 harimwo n'abihebeye Imana (Abapatiri, Ababikira, Abafurera n'Abapasitori) ; harimwo n'Abarundi bari bageze mu zabukuru n'abana ata vyicarwo vya politike barwanira. Abo bapatiri, abo babikira n'abo bafurera nka bose bagandaguye bazira ko bavutse ari Abahutu. Abatari bake Umurwi CVR wararonse amazina yabo.
- Mu kwezi kwa gatanu 1972, Abahutu bose bari basanzwe mw'ibohero baciye bagandagurwa ; bagenzi babo b'Abatutsi bararekuwe bahejeje gusuzuma ko ari Abatutsi. Umurwi CVR wararonse urutonde rw'Abatutsi barekuwe ico gihe ; wongera uraganira n'Umututsi yarokotse mw'ibohera rya Mpimba asohowe n'Intwazangabo nkuru mu gisirikare c'Uburundi.

- Kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972, niho Umukuru w'igihugu yafuta abagize Reta yose. Ku bahinga bazi kwihweza ibintu n'ibindi, iyo ngingo nta ciza cari kuyivamwo.
- Bukeye, kw'igenekerezo rya 30 Ndamukiza 1972, Intara zose z'igihugu zacye zironka Babulamatarari b'Abasirikare. Itegeko/Décret numero 1/71 y'Umukuru w'igihugu niyo yabashizeho ; yongera ibaha ububasha budasanze. Abo basirikare nibo bari hejuru y'abaguvereneri b'abasivile.
- Uwo musu nyene, Micombero yashize umukono kw'itegeko/Décret Numero 1/70 rishikiriza amabanga y'Umushikirizamanza Kizigenza wa Republika, Nzohabonayo Cyrille.
- Mu vyaha bidasanze vyakozwe mu Burundi mu 1972-1973 harabonekamwo uruhara rw'abategetsi benshi baserukira inzego z'igihugu. Ivyaha vyabaye kubera inzego zakoresheje ububasha n'uburyo bwa Reta cane cane abasirikare, abajandarume, abacamanza n'abari barongoye intwari mu gihugu. Imiduga ya gisirikare n'imiduga Reta yafashe ku nguvu ni yo yakoreshejwe mu guseha abantu.
- Umurwi CVR uremeza ko ivyo vyaha vyateguwe. Iyo nteguro yagiye mu mategeko y'igihugu kugira ubutegetsi bwa Prezida Micombero butsimbatare. Iyo nteguro yabonekeye ku ntonde z'abagandaguwe zari zateguwe kera ; ku binogo rusangi vyimbwe mu gihugu kare ; ku mugambi wiyerekanye wo kugandagura urwaruka rwiga mu mashuri n'ibindi... Umurwi CVR urafise intonde z'abagandaguwe zateguwe mu 1971 ; nkuko hari ibinogo rusangi vyateguwe mu 1970 canke mu 1971.
- Ikindi kimenyetso kidasanze twakuye mu ntara ya Bururi : Ni umusore w'umuhutu yize amashuri ahanitse (yitwa Dr KC). Yari Umuhutu yamaze gutanga inkwano ariko yitegura kubaka urwiwe n'umwigeme w'Umututsikazi. Haheze imisi aza abona bamusubije inkwano yiwe. Umuryango w'umwigeme wamubwiye uti : « Rindira gato amezi ya Ndamukiza na Rusama 1972 arengane ». Uwo mukazi wa Reta yitwa Dr KC yacye akwakwanya aya mu Burundi ; ubu yahungiyeye muri Tanzaniya kuva icyo gihe.
- Imbere y'ivyaha vyakozwe mu 1972, Umukuru w'igihugu yarashinze amategeko adasanze mu gihugu yerekana ko hari ibintu biteguwe bizoshikira Uburundi. Muri ayo mategeko harimwo amategeko ashira igihugu mu bihe bidasanze, icyo bita « Etat d'exception » ; amategeko yerekeye intwari y'abasirikare n'ibihe bidasanze « Régime militaire et d'exception » ; amategeko yerekana ingene Sentare zica imanza zo mu bihe vyo mu ntambara, ingene zikora n'ingene zubatse n'ibindi.
- Umurwi CVR wararonse ikindi kimenyetso kidasanze cerekana integuro y'ivyaha vy'ukugandagura Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu. Icyo kimenyetso ni iki : muri Arrondissement ya Kirundo, muri Komine Busoni na Vumbi-Bukuba, Bamusitanteri baratanze akazi, bongera barashira umukono ku masezerano y'akazi mashasha /Contrats de travail, baha akazi abantu bashika 58 barimwo Abapolisi ba Komine ; Abigisha ; abakozi bo kwa Muganga ; abakontabule ba Komine ; abanyamabanga ba Komine. Abo bakozi bashasha

baronse amasezerano y'akazi kw'igenekerezo rya 24 Ndamukiza 1972 ubwicanyi butangura mu gihugu kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza.

- Ibimenyetso vyabaye vyinshi. Mu gihugu cose, Umurwi CVR wararonse urutonde rw'amazu y'Abahutu. Urwo rwandiko rusigura ko kunyaga imiryango y'Abahutu vyateguwe kuva kera. Ahitwa Arrondissement Mwisale, twaronse urutonde rw'amatongo/parcelles 69 ; muri Arrondissement ya Bujumbura : inzu 82 ; muri Arrondissement ya Gitega : amatongo/parcelles 143 ; muri Arrondissement ya Bukirasazi : inzu 16 ; muri Arrondissement ya Karuzi : inzu 21 ; muri Arrondissement ya Bubanza : inzu 63 ; muri Arrondissement ya Cibitoke : inzu 51 ; muri Arrondissement ya Ruyigi : inzu n'imangazini 20 ; muri Arrondissement ya Bururi : inzu 32 ; muri Arrondissement ya Makamba : inzu 44 ; muri Komine Rumonge : inzu 121 ; muri Arrondissement ya Kirundo : inzu 43; muri Arrondissement ya Muyinga : inzu 70 ... Ubu ni uburorero.
- Ibi vyaha vyabaye mu Burundi Umurwi CVR umaze imyaka utohoza, hari abanyamahanga benshi, abanditsi, ibinyamakuru n'abategetsi bahambaye bo kw'isi bamaze kuvyemeza kuva kera.
- Kw'igenekerezo rya 19 Rusama 1972, Umushikiranganji wa mbere w'Ububiligi, Gaston Eyskens, yaremeje atadidinganya ati : NDUGURUYE TWA MUGINA : « Uburundi ntiburi mu ngwano y'ubwoko bushamiranye ; Uburundi bufise muri kino gihe ikibazo c'ihonyabwoko. Ubwo butumwa bw'Umushikiranganji wa mbere w'Ububiligi bwaciye burungikwa mu makungu n'Umushikiranganji Pierre Harmel ashinzwe ibibazo vy'imigenderanire ». NDUGAYE TWA MUGINA. Mu Kinyamazuru, Gaston Eyskens yavuze ati : « *Le Burundi n'est pas confronté avec une lutte tribale mais avec un véritable génocide. Il fut rapidement relayé par le Ministre des Affaires Etrangères Pierre Harmel* ».
- Kuva kw'igenekerezo rya 16 Rusama 1972, ibinyamakuru vyo mu Bubiligi nka La libre Belgique, Le Soir, La Cité, Le Devoir, Le Peuple n'ibindi binyamakuru nka Le Monde, vyose vyamenyesheje amakungu ko ivyaha vyo kugandagura Abahutu bize mu Burundi ari « ihonyabwoko » kandi ko bitabona ingene iryo honyabwoko rizohagarara.
- Mu Bubiligi kandi, harasohotse mu kwezi kw'icenda mu 1972, icegeranyo canditswe n'Umurwi uharanira agateka ka zina muntu cemeza ko « ihonyabwoko » ririko rikorerwa Abahutu bo mu Burundi ribandanya mu buhinga uwitwa Hitler yakoresheje mu kumara abayahudi. « La Ligue Belge des droits de l'homme », yo mu gisagara ca Louvain yavuze iti : NDUGURUYE TWA MUGINA : « *Le génocide des hutu se poursuit dans le plus pur style hitlérien* ». NDUGAYE TWA MUGINA.
- Umurwi CVR ntiwokwibagira kumenyesha Abashingamateka n'Abakenguzamateka ivyanditse n'umwigisha René Lemarchand kw'igenekerezo rya 20 Munyonyo 1974. Uwo mwaka René Lemarchand niho yasohora igitabo yise « *Le Génocide sélectif au Burundi* ».

- Ku vyaha vy'agahomerabunwa vyakorewe Abarundi mu 1972-1973, Ishirahamwe mpuzamakungu ONU ryarasohoye Raporo kw'igenekerezo rya 2 Mukakaro 1985 yemeza « ihonyabwoko ryakorewe Abahutu bo mu Burundi ». Iyo Raporo yitwa "Rapport Whitaker". Iki kintu kirahambaye. Ishirahamwe ONU ryaremeje « ihonyabwoko » ryo mu Burundi, habura ubutegetsi bw'igihugu buvugira abagandaguwe.
- Uwundi muhinga yasiguye ivyaha vyabaye mu Burundi mu 1972 ni umwanditsi w'umuyahudi afise akabira k'Abanyamerika yitwa Ervin Staub yanditse mu 1989 ku caha c'ihonyabwoko cakorewe Abahutu bo mu Burundi.
- Abandi banditsi bazwi mu Burundi ni Jean Pierre Chrétien na Jean François Dupaquier basohoye igitabo mu 2007 bemeza ko ivyaha vyabaye mu Burundi mu 1972-1973 ari « icaha c'ihonyabwoko ryakorewe Abahutu ». Abo banditsi bose bigisha mu Burundi mu 1972 ; igitabo banditse cemeza ko ivyabaye vyakozwe n'ubutegetsi bwa Michel Micombero. Igitabo banditse citwa « Burundi 1972. Au bord des génocides ».
- Duhereze ku mwanditsi René Lemarchand twamaze kubashikiriza yakurikiranye cane ivyaha vy'agahomerabunwa vyakozwe mu Burundi. Uwo mwigisha René Lemarchand yashimye gukoresha ijambo rishasha. Kuri we mu Burundi ntihabaye ihonyabwoko gusa, bimwe vyitwa « GENOCIDE » ; mu Burundi habaye ihonyabwoko yise « ETHNOCIDE». Iryo jambo rishasha « ETHNOCIDE » yarisohoye mu 1994.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,
 Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
 Banyakubahwa mugize Ibiro vy'Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka,
 Banyakubahwa Bashingamateka,
 Banyakubahwa Bakenguzamateka,

Umurwi CVR ushinze gutohoza ukuri ku vyaha vy'agahomerabunwa vyakorewe Abarundi mu 1972-1973 :

Umurwi CVR wihweje integuro zidasanzwe zakozwe n'abaserukira inzego zitandukanye z'igihugu kuva hejuru gushika mu nzego z'intango imbere y'ivyaha vyakorewe Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu mu 1972-1973 :

Umurwi CVR wihweje kandi ibimenyetso vyerekana ingene ubutegetsi bwa Prezida Michel Micombero n'abamufasha bashize mu ngiro umugambi wo kugandaqura ku bwinshi, mu gihugu cose, Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu :

Umurwi CVR uremeje uno musu kw'igenekerezo rya 20 Kigarama 2021 ko ivyaha vyakozwe n'ubutegetsi bwa Prezida Michel Micombero n'abamufasha kurongora igihugu ari ihonyabwoko ryakorewe Abahutu bo mu Burundi mu 1972-1973.

Iki cegeranyo gishikirijwe Inama Nshingamateka n’Inama Nkenguzamateka ziri hamwe mu Ngoro y’Amakoraniro mu Kigobe.

XXX

La Commission Vérité et Réconciliation ayant enquêté sur les violations graves, massives et systématiques des droits de l’homme commises en 1972-1973 au Burundi;

Vu les actions de planification des violations graves, massives et systématiques des droits humains commises en 1972-1973 contre les Burundi du groupe ethnique des Bahutu par le pouvoir du Président Michel Micombero ;

Après une analyse approfondie des faits et gestes du pouvoir du Président Michel Micombero ayant précédé les violations graves, massives et systématiques des droits humains contre les Burundi du groupe ethnique des Bahutu en 1972-1973;

La Commission Vérité et Réconciliation déclare solennellement ce 20 décembre 2021 que le crime de génocide a été commis contre les Bahutu du Burundi en 1972-1973.

Cette déclaration solennelle est faite devant le Parlement du Burundi réuni en Congrès au Palais de Kigobe.

XXX

Muravyumvise. Umurwi CVR uhejeje kwita izina ivyaha vy’agahomerabunwa vyakorewe Abahutu bo mu Burundi mu 1972-1973.

Uwuzwa kw’isonga muri ubwo bwicanyi yitwa Michel Micombero kuko ari we yaramutswa igihugu mu 1972-1973.

Nyeniteka Umukuru w’Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w’Inama Nkenguzamateka,

Banyakubahwa mugize Ibiro vy’Inama Nshingamateka n’Inama Nkenguzamateka,

Banyakubahwa Bashingamateka,

Banyakubahwa Bakenguzamateka,

Umurwi CVR warabandanije uriga wongera urasoma amategeko y’igihugu n’amategeko mpuzamakungu uyerekeza ku vyaha vyose vyakorewe Abarundi batandukanye. Iryo Umurwi CVR uhejeje gushikiriza Abarundi ku caha c’ihonyabwoko cakorewe Abahutu bo mu Burundi bisigura kandi ko habaye n’ivyaha vy’agahomerabunwa (crimes contre l’humanité) vyakorewe ikiremwa muntu.

Iryo vyaha vyasinzikaje ku buryo budasanzwe agateka n’ubuntu bw’Abarundi isinzi kandi vyabaye mu gihugu cose ; ico bita mu rw’ikinyamazuru bwicanyi canke ibitero bihitana abasivile benshi/ hakoreshwa amajambo « caractère systématique ou généralisé ».

Iyo tuvuze ibitero ntibisigura ibitero bikozwe n’abasirikare ; bisigura bwicanyi bwose bwateguwe bukajya mu ngiro buraba abanyagihugu b’abasivile kandi badafise ibigwanisho.

Ivyaha vy'agahomerabunwa (Crimes contre l'humanité) vyakorewe ikiremwa muntu bivugwa iyo habaye ubwicanyi bw'ikivunga buhitana abanyagihugu benshi. Ivyo vyaha biba vyakozwe mu gihugu cose, ivyaha vyakozwe n'abantu benshi bakorera hamwe kandi bakagandagura abanyagihugu bisubiriza. Ikiranga ubwo bwicanyi ni ingene bwateguwe n'ingene buja mu ngiro bikaboneka ko hari intumbero n'iteguro abakora ivyo vyaha bahawe, bakongera bagakoresha uburyo buhambaye bwa Reta canke uburyo bw'abigenga bwegeranijwe n'inzego z'igihugu. Iyo nteguho y'ivyaha ntirinda kumenyeshwa abenegihugu nk'umugambi w'igihugu. Igihambaye muri vyose ni uko haboneka integuro (Plan) canke umugambi (Politique) bigaragaza ko ibitero vyabaye vyateguwe.

Ivyaha vy'agahomerabunwa (Crimes contre l'humanité) vyakorewe ikiremwa muntu birashobora gukorwa mu gihe c'amahoro canke mu gihe c'ingwano. Ivyabaye mu Burundi mu 1972-1973 naho vyoba ari ivyaha vy'agahomerabunwa (Crimes contre l'humanité) vyakorewe ikiremwa muntu, Umurwi CVR waravyize wongera urabitohozza wisunze amategeko y'igihugu (Igitabo c'Amategeko Mpanavyaha) n'amategeko mpuzamakungu Uburundi bwemeje.

Harabaye mu Burundi ivyaha bidasanze : abanyagihugu b'Abahutu b'abasivile baricwa mu gihugu cose, mu makambi y'Abasirikare n'Abajandarume, abasirikare n'abajandarume baratswe inkoho ; baca baricwa na benewabo b'Ababatutsi. Ivyo vyarabaye muri Compagnie Commando i Gitega ; mw'ikambi ya Bururi n'ahandi.

Abasirikare n'Abajandarume benshi bari barungitswe muri konje batazi aho rizoherera « Congé illimité » bagandaguwe mu bambere mu gihugu cose. Ivyaha vyakozwe mu 1972 vyerekanye ububegito bw'inshi bwatoteje abahirwa ku mubiri, mu vy'ubutunzi n'ubutungane kugira ikiremwa muntu gitakaze ububasha n'iteka gihabwa n'amategeko y'igihugu na mpuzamakungu.

Mu 1972-1973, Abarundi bwo mu bwoko bw'Abahutu baragandaguwe kandi ata ngwano iri mu gihugu. Hari abandi Bahutu benshi bagandaguwe ariko Umukuru w'igihugu Michel Micombero ahejeje kwivugira kw'iradiyo ko impore yagarutse mu gihugu.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Umurwi CVR ushinze gutohozza ivyaha vyakozwe mu Burundi mu 1972-1973 ;

Wihweje ingene Abarundi bagandaguwe mu gihugu cose, cane cane Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu bakora akazi ka Reta canke bakora ivyabo ;

Umurwi CVR wihweje ingene Abarundi bishwe ku bwinshi kandi ata ngwano yari mu gihugu ;

Umurwi CVR wihweje kandi ingene uburyo bwa Reta canke uburyo bw'abigenga bwafashwe na Reta ku nguvu bwakoreshejwe mu kugandagura Abarundi bava mu bwoko bw'Abahutu mu 1972-1973 ;

Umurwi CVR uremeje ko mu Burundi hatakozwe ihonyabwoko ryonyene rihitana Abahutu mu 1972-1973. Harakozwe kandi ivyaha vy'agahomerabunwa bikorerwa kiremwa muntu, cane cane Abarundi bo mu bwoko bw'Abahutu.

Iki cegeranyo Umurwi CVR ugishikirije Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka mu Nama y'Amakoraniro mu Kigobe kw'igenekerezo rya 20 Kigarama 2021.

Mu bumanuko bw'igihugu, mu Rumonge, i Nyanza-Lac, i Vugizo, cane cane ku nkengera z'ikiyaga Tanganyika, ivyo vyaha vy'agahomerabunwa bikorerwa kiremwa muntu vyarakorewe Abatutsi n'Abahutu bitwa « Abamanuka » mw'iyinga rya mbere ryakurikiye ihonyangwa ry'agateka ka zina muntu kuva kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972.

XXX

PARTANT DES DEVELOPPEMENTS QUI PRECEDENT, LA COMMISSION VERITE ET RECONCIATION RAPPELLE A CETTE AUGUSTE ASSEMBLEE QUE LE CRIME DE GENOCIDE A ETE COMMIS CONTRE LES BAHUTU DU BURUNDI A TRAVERS TOUT LE PAYS EN 1972-1973. DE MEME, LES CRIMES CONTRE L'HUMANITE ONT ETE COMMIS CONTRE LES BAHUTU DU BURUNDI EN 1972-1973.

DANS LE SUD DU PAYS, ET DE MANIERE PARTICULIERE A RUMONGE, NYANZA-LAC, VUGIZO ET SUR LE LITTORAL DU LAC TANGANYIKA, LES CRIMES CONTRE L'HUMANITE ONT ETE COMMIS CONTRE LES BATUTSI ET LES BAHUTU VENANT DES MONTAGNES (APPELES DANS LE JARGON LOCAL « ABAMANUKA ») DURANT LA PREMIERE SEMAINE DU DECLENCHEMENT DES MASSACRES LE 29 AVRIL 1972.

CETTE DECLARATION SOLENNELLE RELATIVE AUX CRIMES CONTRE L'HUMANITE COMMIS AU BURUNDI EN 1972-1972 EST FAITE DEVANT LE PARLEMENT REUNI EN CONGRES AU PALAIS DE KIGOBE CE 20 DECEMBRE 2021.

XXX

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Mu guheraheza, Umurwi CVR warize urongera uratohoza ico amategeko y'igihugu na mpuzamakungu yita ivyaha bikorwa mu ntambara. Ingingo ya 200 y'Igitabo c'Amategeko Mpanavyaha iratanga inyishu itomoye.

Ingwano ituma hashobora kuba ivyaha bikorerwa kiremwa mu ntu mu gihe c'intambara irinda kuba ihuza ingabo ziva mu bihugu birenga bibiri canke vyinshi gusumba aho (bavyita « Conflit international ») kandi imaze igihe kirekire. Iyo ingwano iri hagati y'ingabo z'igihugu n'abazigwanya bari mu gihugu (« Conflit non international »), amategeko atomora ko haba urugamba rusutama kandi rukaba rurerure ; ivyo bita mu kinyamazuru « Contexte belliqueux » et « Conflit prolongé ».

Mu vyo Umurwi CVR watohoje, twasanze ata ngwano yabaye mu Burundi mu 1972 hagati y'ingabo za Reta n'abo yita ko bayirwanya.

Kugira umenye ko ingabo za Reta zihanganye n'umwansi ayirwanya ari mu gihugu, amategeko asaba ko abahinga bihweza ibigwanisho umwasi w'igihugu afise, igihe urugamba rumaze, igice c'igihugu umwansi arimwo ingene kingana ; abo umwansi yishe ingene bangana ; ingene uwo mwansi w'igihugu yateguye ingabo ziwe n'uko urugamba rwamaze igihe kirekire.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

None mu Burundi, ingabo z'igihugu zarahanganye n'umwansi nk'uko amategeko mpuzamakungu abitegekanya ?

Ivyo Umurwi CVR watohoje kandi bivugwa n'Abarundi benshi bazi ivyabaye ku nkengera z'ikiyaga Tanganyika, ni uko habonetse Abahutu basa n'abagumuka mu Rumonge, i Nyanza-Lac, i Vugizo no mu turere tuhegereye. Abo Bahutu bagumutse barishe Abatutsi ; baraturira n'ingoro z'umugambwe UPRONA, hamwe n'inzu z'abanyagihugu muri ako karere.

Umurwi CVR wemeza ko abo bagumutse ata bigwanisho bicira umuriro bari bafise ; bari bafise imipanga n'ubuhiri.

Mu majambo make, kuva kw'igenekerezo rya 29 Ndamukiza 1972, ingabo z'igihugu ntizahanganye n'ingabo zigwanya igihugu ; icibonekeje ku nkengera z'ikiyaga Tanganyika, mu Rumonge na Nyanza-Lac, ni utugwi tw'Abahutu bagumutse kandi abasirikare b'igihugu baciye bacuvya bidatevye. Nta ngwano rero yabaye mu Burundi mu 1972 kuko ata bagwanyi Reta yafashe yigeze yereka abanyagihugu canke abanyamahanga. Nta n'ibigwanisho vyabo yigeze yerekana.

Ariko ingabo z'igihugu zakoresha ibikoresha vy'ingwano vya rutura : amatohoza yakozwe n'Umurwi CVR aremeza ko hakoreshejwe indege, ibiduga vy'igisoda bikomeye. Haraje abasirikare bo muri Zaïre gushigikira ubutegetsi bwa Prezida Micombero kuko abategetsi babwira amakungu ko Uburundi bwatewe n'abarwanyi b'aba Mayi Mulele. Abo ba Zaïrois bamaze gushika mu Burundi, mu kwica bavuga ngo : « Mutu ni Mutu ». Bamaze kubona ko ata ntambara ihari, baciye bisubirira muri Zaïre !

Pierre Mulele nawe akaba yari Umunyekongo yagerageje kurwanya ubutegetsi bwa Kongo bikamuta ku w'amazi inyuma y'igandagurwa rya Patrice Lumumba.

Kubera ivyo duhejeje gusigura, Umurwi CVR umenyeshesheje Abarundi bose ibicishije ku bagize Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka ko ata vyaha vyo mu ngwano vyakozwe mu Burundi mu 1972-1973.

Umurwi CVR ubishikirije kw'igenekerezo rya 20 Kigarama 2021 mu Ngoro y'Amakoraniro mu Kigobe.

PARTANT DES DEVELOPPEMENTS QUI PRECEDENT, LA COMMISSION VERITE ET RECONCILIATION CONFIRME QU'IL N'Y A PAS EU DE PERPETRATION DE CRIMES DE GUERRE EN 1972-1973 AU BURUNDI. CETTE DECLARATION SOLENNELLE DE LA CVR EST FAITE CE 20 DECEMBRE 2021 DEVANT LE PARLEMENT REUNI EN CONGRES AU PALAIS DE KIGOBE.

XXX

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa mugize Ibiro vy'Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka,
Banyakubahwa Bashingamateka,
Banyakubahwa Bakenguzamateka,

Hari abakoze ivyo vyaha Umurwi CVR wadondaguye. Uwa mbere abazwa ivyo vyaha ni Michel Micombero yari Umukuru w'igihugu c'Uburundi ico gihe. Hagakurikira abategetsi bari bamwegereye kandi bamufasha mu kurongora igihugu no gushira mu ngiro umugambi wari wateguwe kera. Muri abo bategetsi harimwo abari mu Reta, abari barongoye intwari mu gihugu hagati ; abategetsi mu gisirikare n'ikijandarume; abari barongoye iperereza ; abari barongoye ibinyamakuru vya Reta ; abari bafise amabanga mu mugambwe UPRONA n'imihari iwukomokako nka JRR, UTB na UFB ; igipolisi n'abategetsi batandukanye mu Bucamanza.

Umurwi CVR washikirije Inama Nshingamateka na Nkenguzamateka amazina y'abategetsi bavugwa gusumba abandi mu gihugu ko bafise uruhara rudasanzwe mu vyaha vyabaye mu 1972-1973. Ayo mazina amwe, Umurwi CVR uyasanga mu nyandiko abategetsi b'igihugu bashizeko umukono muri vyo bihe.

Urutonde rw'abaza kw'isonga mu bwicanyi Umurwi CVR ushikirije uno musi ruzoronka ayandi mazina azova mu matohoza agiye gukurikira mu mezi ari imbere ; yongere yunganirwe n'ibiganiro vyuguruye Umurwi CVR uzotegura mu gihugu cose vyitwa « Audiences publiques ».

Mu mwaka buca utangura hazoba Rusansuma rw'Abarundi bose bahitanwe n'ubwicanyi butandukanye, mu bihe bitandukanye.

Umurwi CVR ureretse Abarundi uyu musi ko amatohoza n'ibikorwa bimaze gukorwa bihagije mu kwita izina ivyaha vyakozwe mu 1972-1973. Bimwe abahinga bita « Echantillon suffisant ».

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,
Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Mu gusozera rino jambo, Umurwi CVR usaba iki inzego z'igihugu ?

- Ubwa mbere. Mu misi iri mbere, Umurwi CVR usaba ko inzego zibifitiye ububasha zokwiga zikongera zigatora ibwirizwa ryemeza ko mu Burundi habaye ivyaha vy'ihonyabwoko vyakorewe Abahutu bo mu Burundi mu 1972-1973.

- Ubwa kabiri. Umurwi CVR urasaba inzego z'igihugu ko zoshiraho ibwirizwa riha ikibanza kiboneka Abarundi bipfuzwa gusaba ikigongwe abo bacumuyeko ; ryongera ryihaniza abahakana ivyaha vyakorewe Abarundi batandukanye mu 1972-1973. Hari Abarundi bazovugaga mu nyandiko, mu majamba no mu ngendo za misi yose ko ata vyaha v'ihonyabwoko canke ivyaha vy'agahomerabunwa bitoteza kiremwa muntu vyabaye mu gihugu. Iryo bwirizwa ni vyo rizoba rishinzwe guhana.
Hari Abarundi bakorewe amabi yabasizemwo amaganya, akabonge n'agahinda : inzego z'igihugu zofashanya zikigisha kugira n'ababuze ababo babishoboye bagire akigoro ko gutanga ikigongwe. Abakoze ivyaha vy'ubwicanyi canke banyaze imiryango urukombamazi bazwi kandi biyizi, inzego z'igihugu zobigisha gusaba ikigongwe abo bacumuyeko, no gusubiza ivyo banyaze. Abanse inzira y'ikigongwe itanzwe na Reta bazi bonyene ivyo bakoze mu 1972-1973, nta yindi nzira bazoba bipfuzwa atari iy'ubutungane.
- Ubwa gatatu. Umurwi CVR urasavye Reta y'Uburundi itegure neza gusaba ikigongwe Abarundi bose kuko ivyaha vyahekuye imiryango n'igihugu mu 1972-1973 vyakozwe na Reta y'ico gihe yari irongowe na Prezida Michel Micombero.
- Ubwa kane. Umurwi CVR urasavye inzego zirongoye igihugu gushinga Umusi w'igihugu wo kwibuka ihonyabwoko ryakorewe Abahutu bo mu Burundi.
- Ubwa gatanu. Ikindi Umurwi CVR usaba inzego z'igihugu ni ugusubiza agateka abagandaguwe bitwa Abamenja ; n'abasigaye bagaca bitwa Abamenja. Abo bose bakwiye gusubizwa agateka.
- Ubwa gatandatu ari bwo bwa nyuma. Hari amazu n'amatongo vy'abapfakazi yanyazwe mu gihugu mu 1972-1973. Harakwiye igikorwa cimbitse gikorwa mu bw'itonzi no mu buhinga cofasha guha impozamarira abanyazwe no gusubiza ivyanyazwe iyo bikiboneka mu matungo y'ababinyaze.

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nshingamateka,

Nyeniteka Umukuru w'Inama Nkenguzamateka,

Banyakubahwa mugize Ibiro vy'Inama Nshingamateka n'Inama Nkenguzamateka,

Banyakubahwa Bashingamateka,

Banyakubahwa Bakenguzamateka,

Icegeranyo dushikirije Abarundi kirahambaye cane. Benshi bari bakirindiriye kuva kera. Turasavye Abarundi bose kwitonda bategere ko ukuri ku vyazingamitse igihugu ari ingazi izodufasha gushinga inkingi zo kunwanisha Abarundi. Ibi bisohotse uyu musi dukwiye kubishimira Imana kandi ntihagire umuntu n'umwe agira umutima uhagaze. Uburundi kuva uno musi bwinjiye mu nzira yo gukira kuko bwamenye ko Abahutu, Abatutsi n'Abatwa bagandaguwe n'ubutegetsu bwa Prezida Michel Micombero n'abamufashije gutegura uwo mugambi mubi. Umurwi CVR urasubiye kwibutsa Abarundi bose ko hatari ubwoko ; hica ubutegetsu bubi.

Ikindi Umurwi CVR wamenyeshye Abarundi ni uko amatohoza yerekeye ivyaha vyakozwe mu 1972-1973 adahagaze ; azobandanya. Hariho intara Umurwi utarakoreramwo nka Ngozi, Bubanza, Cibitoke, Bujumbura, Kayanza, Ruyigi, Cankuzo, Rutana n'amakomine atari make yo mu Ntara ya Karusi. Mu

mezi ari imbere Umurwi CVR ugiye kuhakorera amatohoza yimbitse. Nta Ntara n'imwe Umurwi CVR utazoshikamwo.

Ikivi tugikukije muri izo Ntara, tuzoca dutangura amatohoza yerekeye umwaka wa 1988 bimwe Abarundi bita urwimo rwa Ntega na Marangara. Hazoca hakurikira amatohoza ku vyaha vyakozwe mu 1993 igihe hagandagurwa Umukuru w'igihugu Melchior Ndadaye yari yatowe n'abanyagihugu.

Amatohoza y'ivyaha vyabaye mu myaka ya 1960 Umurwi CVR urayarembeje. Ubu tukaba duherutse kuronka inyandiko zo mu butungane ziduha umuco ku manza zahitanye abategetsu benshi bagirizwa ko bashatse guseniyura intwari.

Turasubiye gushimira Imana ikunda Uburundi. Iyo Mana ni yo igiye kudufasha kugurura amaso n'amatwi kugira tubone twongere twumve ko ata gisumba amahoro mu gihugu. Iyo Mana yama itwibutsa ko Abahutu, Abatutsi n'Abatwa tutiremye. Twaremwe n'Imana. Dukwiye rero kubahana ; gukundana ; gukunda igihugu kugira abana bacu ntibazosubire kubona amagorwa, amaganya n'agahinda nk'ayo Abarundi bacyemwo mu 1972-1973.

Kw'izina ry'abo dusangiye ubutumwa mu Murwi CVR, ndabashimiye cane ko mwashoboye kuntega amatwi.

Imana nihabwe icubahiro mu Burundi bwacu!

Murakoze !

IMANA IHABWE ICUBAHIRO